- Pou nouvo enskri yo, plan swen kowòdone MA (Medicare Advantage) ou a dwe bay yon peryòd tranzisyon minimòm 90 jou, pandan tan sa nouvo plan MA a p ap gen obligasyon pre-otorizasyon pou kèlkeswa tretman aktif ki an kou, menm si tretman ki an kou an te pou yon sèvis ki te kòmanse avèk yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.
- Ou jwenn swen nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo a. Nan majorite ka, swen ou jwenn nan men yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a pa p jwenn kouvèti sof si se yon swen dijans oswa yon swen ijan oswa sof si plan nou an oswa yon pwofesyonèl swen sante rezo a te ba w yon referans. Sa vle di w ap oblije peye pwofesyonèl swen sante a tout montan an pou sèvis ou resevwa andeyò rezo a.
- Ou gen yon pwofesyonèl swen sante prensipal (yon PCP) ki ba w swen e ki sipèvize swen w lan. Nan majorite sitiyasyon yo, PCP w la dwe ba w apwobasyon alavans (yon referans) anvan ou kapab al wè lòt pwofesyonèl swen sante rezo plan nou an.
- Kèk nan sèvis ki liste nan Tablo Avantaj Medikal yo kouvri sèlman si doktè w oswa lòt pwofesyonèl swen sante rezo jwenn nan men nou apwobasyon alavans (yo rele l pafwa otorizasyon davans). Sèvis ki kouvri ki bezwen apwobasyon alavans yo make nan Tablo Avantaj Medikal yo ak yon nòt anba nan paj. Tablo Avantaj Medikal la pa liste tout sèvis ki mande otorizasyon davans.

  > Ou ka jwenn lis pre-otorizasyon an isit la: **Humana.com/PAL**

- Si plan sante kowòdone w la bay apwobasyon pou yon demann otorizasyon davans pou yon tretman ki an kou, apwobasyon an dwe rete valab toutotan sa rezonab ak nesesè sou plan medikal pou evite entèripsyon nan swen an, ki an akò ak kouvèti kritè aplikab, istwa medikal ou, ak rekòmandasyon pwofesyonèl swen sante tretan an.

Lòt bagay enpòtan ou dwe konnen konsènan kouvèti w la:

- Medicare ak Medicaid kouvri ou. Medicare kouvri swen sante ak medikaman sou preskripsyon yo. Medicaid kapab kouvri pataj frè pou sèvis Medicare yo, ki gen ladan l franchiz medikal ak pataj frè plan an ansanm avèk prim Medicare Part A ak Part B yo selon nivo èd ou jwenn nan men Florida Medicaid la. Florida Medicaid kapab kouvri sèvis Medicare pa kouvri yo tou.
- Tankou tout plan sante Medicare yo, nou kouvri tout sa Original Medicare kouvri. (Pou aprann plis sou kouvèti ak depans Original Medicare, ale nan manyèl Medicare & You 2027 ou a. Jwenn yon kopi nan Medicare.gov oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele 1-877-486-2048.)
- Pou sèvis prevantif Original Medicare kouvri san koute anyen yo, n ap kouvri sèvis sa yo san yo pa koute w anyen tou. Sepandan, si w ap swiv tretman tou oswa ou anba sipèvizyon pou yon pwoblèm medikal ki te la deja pandan vizit pou w jwenn sèvis prevantif la, plan pataj frè a ap an aplikasyon pou swen ou te jwenn pou pwoblèm medikal ki te la deja a.

- Si Medicare ajoute kouvèti pou nenpòt nouvo sèvis pandan 2027, swa Medicare oswa plan nou an pral kouvri sèvis sa yo.

- Si ou pèdi kalifikasyon Medicaid Florida ou men yo ka espere ou rekipere li nan sis mwa, nou pral kontinye bay tout avantaj Medicare ki kouvri pa plan Medicare Advantage. Sepandan, pandan peryòd sa a, ou ka gen pou peye prim Part D yo ak pataj frè Part D yo ki baze sou nivo Èd Siplemantè (Extra Help) ou. Anplis, selon nivo elijibilite w nan Florida Medicaid, ou ka responsab pou prim Medicare Part A ak/oswa Part B tou. Montan pataj frè plan an pou avantaj debaz ak siplemantè Medicare yo p ap chanje pandan peryòd sa a.

Enfòmasyon Enpòtan sou Avantaj pou Moun ki Kalifye pou Fleksibilite Inifòmite

Si yo dyagnostike ou ak youn oswa plizyè kondisyon sante ki idantifye anba a, ou ka elijib pou youn oswa plizyè avantaj siplemantè Fleksibilite Inifòmite.

- Ensifizans Kadyak (enkli Ensifizans Kadyak ak Fraksyon Ejeksyon Redui (HFrEF) ak non-HFrEF ak kondisyon siplemantè ki kalifye)
- Maladi Atè Kowonè (CAD)
- Ipètansyon
- Maladi Renal Kwonik (CKD)
- Kondisyon respiratwa kwonik
- Ensifizans Kadyak Konjestif (CHF)

Ou ka elijib pou Avantaj ki ofri Inifòmite ak Fleksibilite sa yo si ou satisfè kritè yo ki aplikab yo:

- Pwogram Rekiperasyon Kadyak Vityèl – pou manm ki fenk ospitalize resamman akòz ensifizans kadyak

  - **Lòt bagay enpòtan pou konnen sou kouvèti nou an:** Pou avantaj kote pataj frè ou a se yon pourantaj koasistans, montan ou peye a depann de ki kalite founisè ou resevwa sèvis yo nan men li. Si ou resevwa sèvis ki kouvri nan men yon founisè nan rezo, ou peye baze sou to ranbousman plan an. Si ou resevwa sèvis ki kouvri nan men yon founisè andeyò rezo ki patisipe ak Medicare, ou peye baze sou to peman Medicare pou founisè ki patisipe yo. Si ou resevwa sèvis ki kouvri nan men yon founisè andeyò rezo ki pa patisipe ak Medicare, ou peye baze sou to peman Medicare pou founisè ki pa patisipe yo. Tankou tout plan sante Medicare yo, nou kouvri tout bagay Original Medicare kouvri. Pou kèk nan avantaj sa yo, ou ka peye plis pase sa ou ta peye nan Original Medicare. Pou lòt yo, ou ka peye mwens. Pou sèvis prevantif ki kouvri gratis anba Original Medicare, nou kouvri sèvis sa yo gratis pou ou tou. Sepandan, si yo trete ou oswa siveye ou pou yon kondisyon ki egziste deja pandan menm vizit la, pataj depans ka aplike. Si Medicare ajoute kouvèti pou nenpòt sèvis pandan ane plan an, swa Medicare oswa plan nou an pral kouvri sèvis sa yo.

Tanpri refere a ranje avantaj ki aplikab yo nan Tablo Avantaj Medikal la pou enfòmasyon detaye sou kouvèti, limitasyon, ak pataj depans.

Si w elijib pou èd pataj frè Medicare nan anba Medicaid, ou p ap peye anyen pou sèvis ki liste nan Tablo Avantaj Medikal yo, toutotan w ranpli kondisyon pou kouvèti ki dekri pi wo a.

Enfòmasyon Enpòtan sou Avantaj pou Moun ki Enskri ki gen Pwoblèm Sante Kwonik

- Si yo fè dyagnostik ki montre w gen pwoblèm kwonik ki anba yo epi w ranpli sèten kritè, ou kapab elijib pou avantaj siplemantè espesyal pou maladi kwonik la.

  - Plan sa a ofri Chronic Condition Care Assistance ak Humana Healthy Options Allowance® ki se Benefis Siplemantè Espesyal pou Moun ki gen Maladi Kwonik (SSBCI). Kalifikasyon detèmine separeman pou chak avantaj.

- Pou ou elijib pou SSBCI, ou dwe satisfè **TOUT** kondisyon sa yo:

  - Resevwa yon dyagnostik pou youn oswa plizyè Kondisyon Kwonik Elijib ki nan lis anba a.
  - Gen yon gwo risk pou ospitalizasyon oswa lòt rezilta sante negatif enpòtan.
  - Bezwen yon kòdinasyon entansif nan swen.
  - Kalifye pou epi enskri nan yon Pwogram Jesyon Swen, epi patisipe aktivman nan yon plan swen pèsonalize ki fèt pou sipòte bezwen sante espesifik ou yo.

- Kondisyon Kwonik Elijib pou Asistans Swen Kondisyon Kwonik:

  - Twoub otoiminitè
  - Kansè
  - Twoub kadyovaskilè
  - Konsomasyon alkòl kwonik ak lòt twoub konsomasyon sibstans
  - Kondisyon sante mantal kwonik ak andikap
  - Ensifizans kadyak kwonik
  - Maladi Ren Kwonik
  - Maladi poumon kwonik
  - Demans
  - Dyabèt sikre
  - HIV/AIDS
  - Twoub newolojik
  - Apre gref ògàn
  - Twoub ematològik grav
  - Estwòk

- Kondisyon Kwonik Elijib pou Humana Healthy Options Allowance®:

  - Twoub otoiminitè
  - Kansè
  - Twoub kadyovaskilè
  - Konsomasyon alkòl kwonik ak lòt twoub konsomasyon sibstans
  - Kondisyon sante mantal kwonik ak andikap
  - Maladi gastwoentestinal kwonik
  - Ensifizans kadyak kwonik
  - Ipèlipidemi kwonik
  - Ipètansyon kwonik
  - Maladi Ren Kwonik
  - Maladi poumon kwonik
  - Kondisyon ki asosye ak deteriorasyon koyitif
  - Kondisyon ki gen defi fonksyonèl
  - Demans
  - Dyabèt sikre
  - HIV/AIDS
  - Twoub newolojik
  - Apre gref ògàn
  - Twoub ematològik grav
  - Estwòk

- Humana ka detèmine si ou gen yon kondisyon kwonik elijib nan youn oswa plizyè fason sa yo:

– **Reklamasyon Medikal:** Humana gen yon reklamasyon medikal nan dosye ki gen ladan yon dyagnostik pou youn oswa plis nan Maladi Kwonik Elijib yo. Reklamasyon medikal la dwe gen yon dat sèvis sou oswa apre 1/1/2022.

oswa

– **Evalyasyon Risk Sante (HRA):** Endikasyon sou yon Evalyasyon Risk Sante (HRA), ke ou te resevwa dyagnostik pou omwen youn nan Kondisyon Kwonik Kalifyab yo. HRA a dwe konplete sou oswa apre 1/1/2022. Ou ka jwenn HRA a lè ou konfigire epi konekte nan kont MyHumana ou.

- Yon fwa Humana konfime ke ou satisfè kondisyon kondisyon kwonik lan pa youn nan metòd yo anwo a, Humana pral revize dosye manm ou an pou detèmine si ou satisfè rès kondisyon elijibilite yo.
- Revizyon sa a pral detèmine si ou elijib pou resevwa avantaj adisyonèl atravè Asistans Swen Kondisyon Kwonik, Humana Healthy Options Allowance®, oswa tou de, si sa aplikab.
- Ou ka kontakte Sèvis Kliyan pou enfòmasyon ak asistans adisyonèl.
- Pou plis detay, ale nan liy Avantaj Anplis Espesyal pou Malad Kwonik nan Tablo Avantaj Medikal ki pi ba a.

** Alokasyon depans sa a ak Asistans Swen Kondisyon Kwonik se avantaj siplemantè espesyal pou manm ki gen kondisyon kwonik espesifik ki bezwen kowòdinasyon swen entansif epi ki gen yon risk elve pou ospitalizasyon oswa lòt rezilta sante negatif. Maladi ki kalifye yo enkli dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Kèk plan egzije omwen de kondisyon. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) mande pou rapòte l* kòm revni. Kontakte biwo HUD lokal ou a pou kesyon.

Pòm sa a montre sèvis prevantif yo nan Tablo Avantaj Medikal yo.

*** Asteriks sa a montre avantaj siplemantè yo nan Tablo Avantaj Medikal yo.**

Ale nan Seksyon 1.1 chapit sa a pou w jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon pataj frè Florida Medicaid.

Pou yon lis konplè avantaj Medicaid ofri atravè pwogram etatik Medicaid la ak egzijans pataj frè yo, si genyen, tanpri ale nan seksyon Konparezon Avantaj Medicaid ki nan Rezime Avantaj ou yo. Tanpri kontakte Ajans Medicaid ou a pou w konnen elijibilite avantaj ou epi detèmine nivo responsablite pataj frè w. Remak: Pataj frè baze sou nivo elijiblite Medicaid ou. Pou plan sa a, sa ki annapre yo nivo Medicaid yo pwoteje kont pataj depans: QMB.

Tablo Avantaj Medikal yo	
Sèvis ki Kouvri	**Sa ou peye**
Remak: Ou ka dwe montan pou chak sèvis lè w resevwa plizyè sèvis ki gen rapò youn ak lòt.	
Tès depistaj pou anevrism awòt abdominal Yon sèl ekografi depistaj pou moun ki gen risk. Plan nou an kouvri depistaj sa a sèlman si ou gen kèk faktè risk epi si ou jwenn yon referans pou li nan men doktè ou, asistan doktè (PA), enfimyè pratisyen (NP), oswa espesyalis enfimyè klinik (CNS).	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou manm ki elijib pou tès depistaj prevantif sa a.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Akiponkti pou doulè kwonik nan ba do Sèvis ki kouvri yo genyen: Jiska 20 vizit sou yon ane kalandriye nan sikonstans annapre yo: Pou kapab jwenn avantaj sa a, doulè kwonik nan do a prezante kon sa: • Ki dire 12 semèn oswa plis • Ki pa espesifik, nan sans li pa gen okenn koz sistemik idantifyab (sa vle di, ki pa asosye ak maladi metastatik, enflamatwa, enfeksye, elatriye) • Ki pa asosye ak chiriji • Ki pa asosye ak gwosès Plan w lan pèmèt ou resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl swen sante ki lisansye pou pratike akiponkti oswa nan men pwofesyonèl swen sante ki reponn a egzijans Original Medicare yo pou sa. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Biwo Espesyalis
*** Akiponkti pou sèvis woutin** Akiponkti se pwosedi ki konsiste nan ensere epi manipile zegwi nan divès pwen sou kò a pou soulaje doulè oswa pou rezon terapetik ki nesesè medikalman. Ou resevwa kouvèti pou jiska 25 vizit pa ane sivil. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Akiponkti Woutin **$0** kopeman – Biwo Espesyalis
Piki alèji ak sewòm Ou resevwa kouvèti pou piki kont alèji ak sewòm lè sa gen nesesite medikal.	**Nan rezo:** Piki alèji ak sewòm **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis
Sèvis anbilans Sèvis anbilans ki kouvri, swa pou yon sitiyasyon ijan oswa ki pa ijan, ki gen ladan sèvis anbilans pa avyon (zèl fiks), pa elikoptè (zèl wotatif) ak sou tè, pou rive nan etablisman ki pi prè, ki apwopriye, ki ka bay swen si swen yo se pou yon manm ki nan yon eta sante kote lòt mwayen transpò yo ta ka mete sante moun nan an danje oswa si plan nou an otorize yo. Si sèvis anbilans kouvri yo pa pou yon sitiyasyon dijans, li dwe dokimante ke kondisyon manm nan se pou lòt mwayen transpò ta ka mete sante moun nan an danje epi ke transpò pa anbilans se nesesè medikal. Ou kouvri pou transpò anbilans ijans atravè lemond antye. Si ou genyen yon ijans andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo, w ap responsab pou w peye pou tout sèvis yo bay yo davans. Ou dwe montre Humana prèv pèman an pou w jwenn ranbousman. Pou plis enfòmasyon tanpri gade Chapit 7. Nou gen dwa pa ranbouse w pou tout depans ou fè ak lajan pòch ou. Sa se akoz tarif kontra nou yo ka pi ba pase to pwofesyonèl swen sante andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo. Ou responsab pou nenpòt depans ki depase tarif kontra nou yo menm jan tou ak nenpòt pataj frè pou manm yo ki aplikab.	Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, ou ka pa responsab pou kopeman, ko-asirans, oswa franchiz pou sèvis ki liste nan seksyon sa a. **Nan rezo:** Anbilans ijans **$0** oswa **$200** kopeman pa dat sèvis kèlkeswa kantite vwayaj – Anbilans terès **$0 oswa 20%** ko-asirans kèlkeswa kantite vwayaj – Anbilans Ayeryèn Anbilans Ki Pa pou Ijans **$0** kopeman pa dat sèvis kèlkeswa kantite vwayaj

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	– Anbilans terès **$0 oswa 20%** ko-asirans kèlkeswa kantite vwayaj – Anbilans Ayeryèn **Andeyò rezo:** Kouvèti toupatou nan mond lan **$0** oswa **$200** kopeman pa dat sèvis kèlkeswa kantite vwayaj – Anbilans Ijans
Vizit byennèt anyèl Si w genyen Part B pandan plis pase 12 mwa, ou kapab jwenn yon vizit pou Byennèt Chak Ane pou w ka devlope oswa aktyalize yon plan prevansyon pèsonèl ki baze sou faktè sante ak faktè risk aktyèl ou yo. Yo kouvri li yon fwa chak 12 mwa. **Remak:** Premye vizit byennèt anyèl ou pa ka fèt nan 12 mwa apre vizit preventif *Byenvini nan Medicare* ou a. Sepandan, ou pa bezwen fè yon vizit *Byenvini nan Medicare* pou w ka gen kouvèti pou vizit pou byennèt chak ane w yo apre w fin gen Part B pandan 12 mwa.	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou vizit pou byennèt chak ane an.
Mezi mas zo Pou moun ki kalifye yo (anjeneral, sa vle di moun ki gen risk pou yo pèdi dansite tisi zo oswa ki gen risk pou osteyopowoz), sèvis sila yo kouvri chak 24 mwa oswa pi souvan si nesesè pou rezon medikal: pwosedi pou idantifye dansite tisi zo, detekte pèt tisi zo oswa detèmine kalite tisi zo a, ikonpri yon entèpretasyon doktè a sou rezilta yo.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou meziraj dansite tisi zo Medicare kouvri.
Depistaj kansè tete (mamografi) Sèvis ki kouvri yo genyen: • Yon mamografi de baz ant laj 35 ak 39 an • Yon mamografi depistaj chak 12 mwa pou fanm ki gen 40 an ak plis • Egzamen klinik tete yon fwa chak 24 mwa	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou mamogram depistaj ki kouvri yo.
Sèvis reyabilitasyon kadyak Pwogram konplè sèvis reyabilitasyon kadyak ki gen ladan egzèsis, edikasyon, ak konsèy kouvri pou manm ki satisfè sèten kondisyon ak yon referans doktè. Plan nou an kouvri pwogram konplè sa yo si ou te genyen omwen youn nan kondisyon sa yo: • Kriz kadyak nan 12 dènye mwa yo • Chiriji pontaj atè kowonè • Anjin pektoral estab (doulè nan pwatrin) • Reparasyon oswa ranplasman valv kè • Anjioplasti kowonè (yon pwosedi medikal yo itilize pou ouvri yon atè bloke) oswa andopwotèz kowonè (yon pwosedi yo itilize pou kenbe yon atè ouvè) • Transplantasyon kè oswa kè ak poumon • Ensifizans kadyak kwonik estab Limit kouvèti: Ou ka jwenn jiska 36 seyans reyabilitasyon kadyak. Ou ka fè 2 seyans pa jou (chak dire 1 èdtan), epi pwogram nan ka dire jiska 36 semèn. Si ou kalifye, ou	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
ka kapab jwenn 36 seyans anplis ki ka etale sou yon peryòd tan pi long. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	
Vizit pou diminye risk pou maladi kadyovaskilè (terapi pou maladi kadyovaskilè) Nou kouvri yon vizit chak ane avèk medsen swen prensipal ou pou ede diminye risk ou pou maladi kadyovaskilè. Pandan vizit sa a, doktè w la ka pale sou pran aspirin (si sa apwopriye) verifye tansyon w, e li ka ba w ti konsèy pou fè ansòt ou manje sa ki bon pou sante w.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou avantaj prevantif terapi konpòtmantal kadyovaskilè entansif la.
Tès depistaj maladi kadyovaskilè Analiz san pou detekte maladi kadyovaskilè (oswa anomali ki asosye ak risk elve pou maladi kadyovaskilè) yon fwa chak 5 an (60 mwa).	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou tès maladi kadyovaskilè ki kouvri yon fwa chak 5 an.
Depistaj kansè kòl matris ak vajinal Sèvis ki kouvri yo genyen: • Pap Tès ak egzamen pelvyen yon fwa chak 24 mwa pou tout fanm • Yon Pap Tès chak 12 mwa si ou gen risk elve pou kansè sèviks oswa vajinal oswa si ou nan laj pou fè pitit epi ou te gen yon Pap Tès anòmal nan 3 ane ki sot pase yo	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou fwoti vajinal ak egzamen pèlvyen prevantif Medicare kouvri.
Sèvis kiwopratik Sèvis ki kouvri yo genyen: • Nou kouvri manipilasyon manyèl nan kolòn vètebral la pou korije yon siblikasyon vètebral (youn oswa plizyè zo nan kolòn vètebral ou deplase) *Anplisde Avantaj Medicare Kouvri ki liste pi wo a, ou ka refere tèt ou kay yon chiwopraktè rezo a pou 12 vizit pou chak ane kalandriye pou swen. Sèvis siplemantè woutin ki kouvri lè yon kiwopraktè faktire yo enkli: • Ajisteman spinal lòt ke manipilasyon manyèl nan kolòn vètebral la pou korije siblikasyon • Vizit pou pasyan nouvo ak etabli • Pwosedi radyografi • Manipilasyon ekstremite pou jwenti lòt ke kolòn vètebral la (pa egzanp zepòl, jenou, chevi) • Modalite ak pwosedi medisin fizik Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis Chiwopraksyon Kouvè pa Medicare **$0** kopeman – Biwo Espesyalis **Nan Rezo:** Sèvis Chiropractik (Woutin) **$0** kopeman – Biwo Espesyalis
Tès depistaj kansè kolorektal Tès depistaj ki vin apre yo kouvri: • Kolonoskopi pa gen limit laj minimòm oswa maksimòm epi li kouvri yon fwa chak 120 mwa (10 ane) pou pasyan ki pa nan risk elve, oswa 48 mwa apre yon sigmoidoskopi fleksib anvan pou pasyan ki pa nan risk elve pou kansè kolorektal, epi yon fwa chak 24 mwa pou pasyan ki nan risk elve apre yon kolonoskopi depistaj anvan.	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou tès depistaj kansè kolorektal Medicare kouvri.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Kolonografi tomografi òdinatè pou pasyan ki gen 45 an ak plis ki pa nan risk elve pou kansè kolorektal epi li kouvri lè omwen 59 mwa te pase apre mwa kote yo te fè dènye depistaj kolonografi tomografi òdinatè a oswa 47 mwa te pase apre mwa kote yo te fè dènye depistaj sigmoidoskopi fleksib oswa depistaj kolonoskopi a. Pou pasyan ki nan risk elve pou kansè kolorektal, kouvèti yon depistaj kolonografi tomografi òdinatè ki fèt apre omwen 23 mwa te pase apre mwa kote yo te fè dènye depistaj kolonografi tomografi òdinatè a oswa dènye depistaj kolonoskopi a. • Sigmoidoskopi fleksib pou pasyan ki gen 45 an ak plis. Yon fwa chak 120 mwa pou pasyan ki pa gen risk elve apre pasyan an fè yon kolonoskopi depistaj. Yon fwa chak 48 mwa pou pasyan ki nan risk elve depi dènye sigmoidoskopi fleksib oswa kolonografi tomografi òdinatè a. • Tès depistaj san okilt nan dèyè pou pasyan ki gen 45 an ak plis. Yon fwa chak 12 mwa. • ADN matyè fekal plizyè sib pou pasyan ki gen 45 rive 85 an epi ki pa satisfè kritè risk elve. Yon fwa chak 3 zan. • Tès Byomakè Sangen pou pasyan ant laj 45 ak 85 ane e ki pa reponn ak kondisyon risk elve yo. Yon fwa chak 3 zan. • Tès depistaj kansè kolorektal yo enkli yon kolonoskopi depistaj swivi apre yon tès depistaj kansè kolorektal ki pa envazif ki baze sou matyè fekal Medicare kouvri retounen yon rezilta pozitif. • Tès depistaj kansè kolorektal yo enkli yon sigmoidoskopi fleksib depistaj planifye oswa yon kolonoskopi depistaj ki enplike retire tisi oswa lòt matyè, oswa lòt pwosedi ki founi an koneksyon ak, kòm rezilta, epi nan menm rankont klinik ak tès depistaj la.	
Sèvis swen dantè Anjeneral, sèvis swen dantè prevantif yo (tankou pwofilaksi, egzamen dantè woutin yo, ak radyografi dantè yo) pa kouvri nan Original Medicare. Sepandan, Medicare peye pou sèvis dantè sèlman nan kèk ka limite, lè sèvis la fè pati entegral yon tretman espesifik pou pwoblèm medikal prensipal yon moun. Egzanp yo enkli rekonstriksyon machwa apre yon frakti oswa blesi, ekstraksyon dan ki fèt an preparasyon pou tretman radyasyon pou kansè ki enplike machwa a, oswa egzamen oral anvan transplantasyon ògan. Anplisdesa, nou kouvri **Avantaj Swen Dantè Siplemantè Obligatwa** ki gen ladan yo sèvis prevantif ak dyagnostik. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis Dantè Medicare Kouvri **$0** kopeman – Biwo Espesyalis **Avantaj Dantè Siplemantè Obligatwa** **Avantaj** *Ou kouvri pou Avantaj Dantè Siplemantè Obligatwa. Gade deskripsyon **Avantaj Dantè Siplemantè Obligatwa** a nan fen tablo sa a pou plis detay.
Depistaj depresyon Nou kouvri yon depistaj pou depresyon chak ane. Depistaj la dwe fèt nan yon espas swen prensipal ki ka bay tretman suivi ak/oswa referans.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou yon vizit depistaj depresyon chak ane.
Tès depistaj pou dyabèt Nou kouvri depistaj sa a (enkli tès glikoz a jeun) si ou gen nenpòt nan faktè risk sa yo: tansyon wo (ipètansyon), istwa nivo kolestewòl ak trigliserid ki anòmal (dislipidemi), obezite, oswa istwa sik nan san wo (glikoz). Tès yo ka kouvri tou	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
si ou reponn ak lòt kondisyon yo, tankou ou gen twòp pwa e ou gen istorik dyabèt nan fanmi w. Ou kapab elijib pou jiska 2 depistaj pou dyabèt chak 12 mwa apre dat tès depistaj pou dyabèt pi resan w nan.	tès depistaj pou dyabèt Medicare kouvri yo.
Fòmasyon pou jere dyabèt, sèvis ak founiti pou dyabètik Pou tout moun ki gen dyabèt (itilizatè ensilin ak non-ensilin). Sèvis ki kouvri yo genyen: • Founiti pou siveye glikoz nan san ou: glikomèt, bann tès glikoz nan san, aparèy lansèt ak lansèt, ak solisyon kontwòl glikoz pou verifye presizyon bann tès ak monitè – Sa yo se sèl mak (preferans) glikomèt ak bann tès ki kouvri: ACCU-CHEK® fabrike pa Roche, oswa pwodui Trividia ki pafwa pakèt sou non famasi ou a. – Humana kouvri nenpòt monitè glisemi ak bann tès ki espesifye nan lis mak preferab ki anwo a. Anjeneral, altènatif pou mak pwodui ki pa prefere yo pa kouvri amwens doktè w la bay enfòmasyon adekwa pou montre itilizasyon yon mak altènatif nesesè pou rezon medikal nan sitiyasyon pa w la. Si w nouvo nan Humana epi w ap sèvi avèk yon mak glikomèt ak bannlèt tès ki pa sou lis mak prefere yo, ou kapab kontakte nou nan lespas premye 90 jou enskripsyon nan plan an pou w mande yon pwovizyon tanporè pou mak altènatif ki pa prefere a. Pandan tan sa a, ou dwe pale ak doktè w la pou w deside si nenpòt nan mak pwodui prefere liste pi wo a apwopriye pou rezon medikal pou ou. Pwodui mak ki pa preferab yo p ap kouvri apre premye 90 jou kouvèti a san yon otorizasyon alavans apwouve pou yon eksepsyon kouvèti. • Pou moun ki gen dyabèt ki gen maladi pye dyabetik sevè, yon pè pa ane kalandriye soulye modifye terapetik (ki gen ladan Semèl ki bay ak soulye sa yo) ak 2 pè Semèl adisyonèl, oswa yon pè soulye pwofon ak 3 pè Semèl (ki pa gen ladan Semèl amovib ki pa kustomize yo ki bay ak soulye sa yo) ki gen ladan ajisteman. • Fòmasyon jesyon tèt-ou pou dyabèt nan sèten kondisyon • Pou Aparèy Glikomèt Konstan, gade ekipman medikal dirab (DME) ak founiti ki gen rapò yo. (Sèvis preventif la) aplike sèlman pou fòmasyon otogestion dyabèt. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Fòmasyon jesyon tèt ou pou dyabèt **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn Materyèl pou kontwole dyabèt **$0** kopeman – Founisè Dyabetik – Famasi Detay Rezo Soulye ak Semèl Dyabetik **$0** kopeman – Founisè Ekipman Medikal Dirab – Founisè Pwotèz
Ekipman medikal dirab (DME) ak materyèl ki gen rapò ak yo (Pou yon definisyon ekipman medikal dirab, ale nan Chapit 12 ak Chapit 3.) Atik kouvri yo gen ladan, men pa limite a, chèz woulant, bèki, sistèm matla alimante pa kouran, founiti dyabetik, kabann lopital òdone pa yon founisè pou itilize nan kay la, ponp enfizyon IV, aparèy jenerasyon diskou, ekipman oksijèn, nebilizè, monitè glisemi kontinyèl**, ak kad pou ede moun mache. Nou kouvri tout DME ki nesesè pou rezon medikal epi Original Medicare kouvri yo. Si founisè nou gen nan zòn ou an pa gen yon mak oswa fabrikan an patikilye, ou kapab mande yo si yo kapab komande li espesyalman pou ou. Lis	**Nan rezo:** Ekipman Medikal Dirab **$0** kopeman – Founisè Ekipman Medikal Dirab Ekipman Medikal Dirab-Sistèm Oksijèn **$0** kopeman

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
founisè ki pi resan nou an disponib tou sou sitwèb nou an nan **Humana.com/findadoctor**. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**. **Monitè Glisemi Kontinyèl (CGM) Preferab yo kouvri nan famasi yo. CGMs Prefere yo se Dexcom & Freestyle Libre. CGM ki pa prefere yo pa kouvri nan yon famasi amwens doktè w la bay enfòmasyon adekwa ke itilizasyon yon mak altènatif nesesè pou rezon medikal. Tout CGM yo ap kontinye kouvri atravè founisè ekipman medikal dirab (DME) yo.	– Founisè Ekipman Medikal Dirab Aparèy Glikomèt Konstan **$0** kopeman – Famasi Preferab – Founisè Ekipman Medikal Dirab – Famasi
Depistaj EKG Tès depistaj EKG a, lè yo fè l nan kad yon referans ki soti nan vizit prevansyon *Byenvini nan Medicare*, kouvri yon sèl fwa sèlman pandan tout lavi benefisyè a.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou yon EKG depistaj.
Swen dijans Swen dijans refere a sèvis ki: • Founi pa yon founisè ki kalifye pou bay sèvis ijans • Nesesè pou evalye oswa estabilize yon kondisyon medikal ijans Yon ijans medikal se lè oumenm, oswa nenpòt lòt moun pridan ki pa pwofesyonèl sante ki gen konesans regilye sou sante ak medikaman, kwè ke ou gen sentòm medikal ki mande atansyon medikal imedya pou evite lanmò (epi, si ou se yon fanm ansent, pou evite lanmò tibebe ki nan vant ou a), pèt yon manm, oswa pèt fonksyon nan yon manm. Sentòm medikal yo ka gen ladan yo maladi, blesi, gwo doulè, oswa yon kondisyon medikal ki vin anpire vit. Pataj frè pou sèvis dijans nesesè ou jwenn andeyò rezo a se menm ak lè ou jwenn sèvis sa yo nan rezo a. Ou gen pwoteksyon pou swen dijans atravè lemonn. Si ou genyen yon ijans andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo, w ap responsab pou w peye pou tout sèvis yo bay yo davans. Ou dwe montre Humana prèv pèman an pou w jwenn ranbousman. Pou plis enfòmasyon tanpri gade Chapit 7. Nou ka pa ranbouse ou pou tout depans ou fè nan pwòp pòch ou. Sa se akoz tarif kontra nou yo ka pi ba pase to pwofesyonèl swen sante andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo. Ou responsab pou nenpòt depans ki depase tarif kontra nou yo menm jan tou ak nenpòt pataj frè pou manm yo ki aplikab.	Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, ou ka pa responsab pou kopeman, ko-asirans, oswa franchiz pou sèvis ki liste nan seksyon sa a. **Nan rezo:** Sèvis Ijans **$0** oswa **$130** kopeman – Sal Ijans **Andeyò rezo:** Kouvèti toupatou nan mond lan **$0** oswa **$130** kopeman – Sal Ijans **Nan rezo:** Founisè ak Sèvis Pwofesyonèl **$0** kopeman – Sal Ijans Ou pa peye pataj frè vizit sal dijans lan si yo admèt ou nan menm lopital la nan 24 èdtan pou menm kondisyon an. Si ou resevwa swen dijans nan yon lopital ki pa nan rezo a epi w bezwen swen pou pasyan ki entène apre pwoblèm dijans ou an fin estabilize, ou dwe retounen nan yon lopital nan rezo a pou w jwenn swen yon fason pou w kapab kontinye jwenn kouvèti OSWA ou

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
	dwe jwenn swen antanke pasyan ki entène nan yon lopital ki pa nan rezo a plan an otorize epi depans ou a se pataj frè ou t ap peye nan yon lopital ki nan rezo a.
Sèvis oditif Evalyasyon dyagnostik odisyon ak ekilib pwofesyonèl swen w la fè pou detèmine si ou bezwen tretman medikal yo kouvri antanke swen pou moun ki pa entène lè ou jwenn yo nan men yon doktè, odyològ, oswa lòt pwofesyonèl swen otorize. Anplisdesa, nou kouvri **Avantaj Obligatwa pou Aparèy Oditif** ki gen ladan yo yon egzamen woutin pou odisyon ak kouvèti pou aparèy pou tande. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis Oditif Medicare Kouvri **$0** kopeman – Biwo Espesyalis **Avantaj Obligatwa** pou **Aparèy Oditif** *Ou kouvri pou Avantaj Obligatwa pou Aparèy Oditif. Gade deskripsyon **Avantaj Obligatwa** pou Aparèy Oditif a nan fen tab sa a pou detay.
Depistaj VIH Pou moun ki mande pou yon tès HIV depistaj oswa ki gen risk elve pou enfeksyon HIV, nou kouvri: • Yon egzamen depistaj chak 12 mwa Si w ansent, nou kouvri: • Jiska 3 egzamen depistaj pandan gwosès	**Nan rezo:** Manm ki elijib pou tès depistaj HIV prevantif Medicare kouvri yo pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz.
Ajans swen sante adomisil Anvan w jwenn sèvis sante adomisil, yon doktè dwe sètifye ou bezwen sèvis sante adomisil epi l ap preskri sèvis sante adomisil yon ajans swen sante adomisil pral founi. Ou dwe konfine andedan kay ou, ki vle di kite lakay ou se yon gwo jefò li ye. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: • Sèvis swen enfimyè espesyalize a tan pasyèl oswa entèmitan ak sèvis èd swen sante lakay (pou kouvri anba avantaj swen sante lakay, sèvis swen enfimyè espesyalize ou yo ak sèvis èd swen sante ou yo ansanm dwe total mwens pase 8 èdtan pa jou ak 35 èdtan pa semèn) • Fizyoterapi, ègoterapi, ak terapi lapawòl • Sèvis medikal ak sosyal • Ekipman ak founiti medikal Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Swen Sante Adomisil **$0** kopeman – Lakay Manm nan Ekipman Medikal Dirab **$0** kopeman – Founisè Ekipman Medikal Dirab Ekipman Medikal Dirab-Sistèm Oksijèn **$0** kopeman – Founisè Ekipman Medikal Dirab
Terapi pèfizyon adomisil Terapi pèfizyon adomisil enplike administrasyon medikaman oswa sibstans byolojik defason entravenez oswa sibkitane pou yon moun etan li lakay li. Konpozan ki nesesè pou fè pèfizyon adomisil yo gen ladan yo medikaman an (pa egzanp, anti viral yo, globilin iminitè), ekipman (pa egzanp, yon ponp), ak materyèl (pa egzanp, tib ak katetè yo).	**Nan rezo:** Founiti Medikal **$0** kopeman – Founisè Founiti Medikal

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: • Sèvis pwofesyonèl, ki gen ladan sèvis enfimyè, ki founi konfòmeman ak plan swen nou an • Fòmasyon ak edikasyon pasyan ki pa kouvri otreman anba avantaj ekipman medikal dirab la • Siveyans adistans • Sèvis siveyans pou founi terapi enfizyon lakay ak medikaman enfizyon lakay ki founi pa yon founisè terapi enfizyon lakay ki kalifye Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	Lòt Medikaman Part B Medicare **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Famasi Founisè ak Sèvis Pwofesyonèl **$0** kopeman – Biwo PCP
Swen nan ospis Ou elijib pou avantaj ospis lè doktè w la ak direktè medikal lospis la ba w yon pwognostik tèminal ki sètifye ou gen maladi mòtèl e ou gen 6 mwa oswa mwens pou w viv si maladi w la kontinye pakou nòmal li. Ou ka jwenn swen nan nenpòt pwogram ospis Medicare sètifye. Plan nou an oblije ede w jwenn pwogram ospis Medicare sètifye nan zòn sèvis plan nou an,sa gen ladan pwogram ki pou nou, nou kontwole, oswa nou gen yon enterè finansye ladan yo. Doktè ospis ou a ka se yon pwofesyonèl swen sante rezo a oswa yon pwofesyonèl swen sante andeyò rezo a. Sèvis ki kouvri yo genyen: • Medikaman pou kontwòl sentòm ak soulajman doulè • Swen repo kout tèm • Swen lakay Lè ou entène nan ospis ou genyen dwa pou w rete nan plan nou an; si w chwazi rete nan plan nou an ou dwe kontinye peye prim plan yo. **Pou sèvis ospis ak sèvis ki kouvri pa Medicare Part A oswa B ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou:** Original Medicare (olye de plan nou an) pral peye founisè ospis ou a pou sèvis ospis ou yo ak nenpòt sèvis Part A ak Part B ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou. Etan w nan pwogram ospis la, pwofesyonèl swen nan ospis ou a pral faktire Original Medicare pou sèvis Original Medicare peye yo. Ou pral resevwa yon bòdwo Original Medicare pataj frè: **Pou sèvis ki kouvri pa Medicare Part A oswa B ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou:** Si ou bezwen sèvis ki pa ijans, ki pa bezwen ijan kouvri anba Medicare Part A oswa B ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou, depans ou pou sèvis sa yo depann sou si ou itilize yon founisè nan rezo plan nou an epi ou swiv règ plan yo (tankou si gen yon kondisyon pou jwenn otorizasyon davans). • Si ou jwenn sèvis ki kouvri yo nan men yon founisè nan rezo a epi ou swiv règ plan an pou jwenn sèvis, ou peye sèlman montan patisipasyon nan depans plan nou an pou sèvis nan rezo a • Si ou jwenn sèvis ki kouvri yo nan men yon founisè andeyò rezo a, ou peye patisipasyon nan depans anba Original Medicare **Pou sèvis ki kouvri pa Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) men ki pa kouvri pa Medicare Part A oswa B:** Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) pral kontinye kouvri sèvis plan an kouvri ki pa kouvri anba Part A	Lè ou enskri nan yon pwogram ospis sètifye pa Medicare, sèvis ospis ou yo ak sèvis Part A ak Part B ou yo ki gen rapò ak pwonostik tèminal ou yo peye pa Original Medicare, pa Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP). Plan nou yo kouvri sèvis konsiltasyon ospis yo (yon sèl fwa) pou yon moun ki malad mòtèl, ki pa chwazi avantaj ospis la. Pataj frè pwofesyonèl swen sante a ka aplike pou konsiltasyon antanke pasyan ki pa entène.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
oswa B kèlkeswa si yo gen rapò ak pwonostik tèminal ou oswa non. W ap peye montan pataj frè plan nou an pou sèvis sa yo. **Pou medikaman ki ka kouvri pa avantaj Part D plan nou an:** Si medikaman sa yo pa an rapò ak kondisyon ospis tèminal ou a, ou peye pataj depans. Si medikaman sa yo gen rapò ak pwoblèm tèminal ospis ou a, w ap peye pataj frè Original Medicare. Medikaman yo pa janm kouvri anba toude ospis ak plan w nan an menm tan. Pou plis enfòmasyon, ale nan Chapit 5, Seksyon 9.4. **Remak:** Si ou bezwen swen ki pa ospis (swen ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou), kontakte nou pou òganize sèvis yo.	
*** Pwogram Manje Humana Well Dine®** Apre sejou w pase kòm pasyan ki entène swa nan lopital la swa nan yon etablisman swen enfimye, ou elijib pou resevwa 2 repa chak jou pandan 7 jou san ou pa peye anyen anplis. 14 repa nitritif ki ap livre lakay ou. Pwogram repa a limite a 4 fwa chak ane kalandriye. Ou dwe mande repa yo nan lespas 30 jou apre egzeyat la pou sejou kòm pasyan ki entène. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte nimewo Sèvis Kliyantèl ki nan do kat Idantifikasyon (ID) pou manm Humana ou a.	**Nan rezo:** **$0** kopeman
Iminizasyon Sèvis Medicare Part B ki kouvri yo enkli: • Vaksen nèmoni • Piki (oswa vaksen) grip/influenza, yon fwa chak sezon grip/influenza nan otòn ak ivè, ak piki (oswa vaksen) grip/influenza adisyonèl si sa nesesè medikalman • Vaksen Epatit B si ou poko janm resevwa yon seri konplè, ou pa konnen antesedan vaksinasyon ou, oswa ou gen nenpòt lòt kondisyon ki mete ou nan risk wo oswa entèmedyè pou jwenn Epatit B • Vaksen COVID-19 • Lòt vaksen yo si ou gen risk e yo reponn a règleman kouvèti Medicare Part B Nou kouvri pifò lòt vaksen adilt anba avantaj medikaman Part D a. Al gade nan Chapit 6, Seksyon 8 pou plis enfòmasyon.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou vaksen kont nemoni, lagrip/rim, Epatit B, ak COVID-19.
Swen pou pasyan ki entène lopital Li gen ladann swen egi pou pasyan ki entène, reyabilitasyon pou pasyan ki entène, lopital swen alontèm ak lòt kalite sèvis pou pasyan ki entène lopital. Swen pou pasyan ki entène lopital kòmanse jou ou entène lopital fòmèlman ak preskripsyon doktè. Jou anvan yo egzeyate w se dènye jou w tankou pasyan ki entène. Ou kouvri pou yon kantite jou san limit antanke pasyan ki entène lopital depi gen rezon medikal pou sa. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: • Chanm semi-prive (oswa yon chanm prive si sa nesesè medikalman) • Repa enkli rejim espesyal • Sèvis enfimyè regilye • Frè inite swen espesyal (tankou inite swen entansif oswa swen kowonè) • Medikaman ak medikaman • Tès laboratwa • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji • Founiti chirjikal ak medikal nesesè	**Nan rezo:** Swen Pasyan Entène Kopeman **$0** pou chak admisyon – Lopital pou Pasyan Entène Si ou jwenn otorizasyon pou swen antanke pasyan ki entène nan yon lopital andeyò rezo a apre pwoblèm dijans ou a fin estabilize, depans ou ap menm ak pataj frè ou tap peye nan yon lopital andedan rezo a. **Nan rezo:** Founisè ak Sèvis Pwofesyonèl **$0** kopeman – Lopital pou Pasyan Entène

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Itilizasyon aparèy, tankou chèz woulant • Depans sal operasyon ak sal rekiperasyon • Fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni • Sèvis abiz sibstans pou pasyan entène • Anba sèten kondisyon, kalite transplantasyon sa yo kouvri: kòne, ren, ren-pankreas, kè, fwa, poumon, kè/poumon, mwèl zo, selil souch, ak entesten/multivisseral. Si ou bezwen yon transplantasyon, nou pral fè aranjman pou yon sant transplantasyon Medicare apwouve revwa ka w la, e l pral deside si ou se yon kandida pou transplantasyon. Pwofesyonèl swen transplantasyon yo ka lokal oswa andeyò zòn sèvis la. Si sèvis transplantasyon nan rezo nou an andeyò modèl swen kominote a, ou ka chwazi pou w rete lokal depi pwofesyonèl swen transplantasyon an dakò pou yo aksepte to Original Medicare la. Si Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) bay sèvis transplantasyon nan yon kote andeyò modèl swen pou transplantasyon nan kominote ou a epi ou chwazi jwenn transplantasyon nan kote lwen sa a, nou pral aranje oswa peye pou frè lojman ak transpò apwopriye pou ou ak yon konpayon. Ranbousman vwayaj ak lojman mande yon minimòm de 100 mil ale sèlman jiska sant transplantasyon an epi li limite a **$10,000** pou chak transplantasyon. • Si ou bezwen yon transplantasyon ògan solid oswa mwèl zo/selil souch, tanpri kontakte Depatman Transplantasyon nou an nan 866-421-5663, TTY 711 pou enfòmasyon enpòtan sou swen transplantasyon ou. Detay siplemantè sou vwayaj ak lojman pou transplantasyon disponib nan **https://provider.humana.com/patient-care/transplant-resources/transplant-services-questions**. • San - ki enkli depo ak administrasyon. Kouvèti pou san total ak globil wouj konsantre kòmanse ak premye pent san ou bezwen an. • Sèvis Doktè **Remak:** Pou ou ka yon pasyan entènen, founisè ou a dwe ekri yon òd pou admèt ou fòmèlman kòm yon pasyan entènen nan lopital la. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Si ou pa sèten si ou se yon pasyan ki entène oswa ki pa entène, mande estaf lopital la. Jwenn plis enfòmasyon nan fèy enfòmasyon Medicare Medicare Hospital Benefits disponib nan Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048. Otorizasyon alavans obligatwa pou swen lopital pou pasyan entène ak sèvis transplantasyon. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	
Sèvis antanke pasyan ki entène nan lopital sikyatrik Sèvis ki kouvri yo enkli sèvis swen sante mantal ki nesesite yon sejou lopital. • Limit 190 jou pou tout lavi pou sèvis pasyan entène nan yon lopital sikyatrik	**Nan rezo:** Swen sante mantal entène Kopeman **$0** pou chak admisyon – Lopital pou Pasyan Entène

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Limit 190 jou a pa aplike pou sèvis sante mantal pasyan entène ki bay nan yon inite sikyatrik nan yon lopital jeneral • Jou avantaj ki itilize anba pwogram Original Medicare la ap konte nan jou rezèv pou tout lavi 190 jou lè w enskri nan yon plan Medicare Advantage Yo egzije otorizasyon davans pou swen sante mantal pandan pasyan an entène. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	– Etablisman Sikyatrik pou Pasyan Entène **Nan Rezo a:** Founisè ak Sèvis Pwofesyonèl **$0** kopeman – Lopital pou Pasyan Entène – Etablisman Sikyatrik pou Pasyan Entène
Sejou pasyan entène: Sèvis ki kouvri ou resevwa nan yon lopital oswa SNF pandan yon sejou pasyan entène ki pa kouvri Si ou fin itilize tout avantaj ou yo pou entène oswa si sejou pou pasyan ki entène nan pa rezonab ak nesesè, nou p ap kouvri sejou pou pasyan ki entène ou an. Nan sèten ka, nap kouvri sèten sèvis ou jwenn pandan ou lopital la oswa nan etablisman swen enfimye espesyalize (SNF) la. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: • Sèvis Doktè • Tès dyagnostik (tankou tès laboratwa) • Tèrapi radyografi, radyòm, ak izotòp ki enkli materyèl ak sèvis teknisyen • Pansman chirjikal • Atèl, plat ak lòt aparèy ki itilize pou redwi frakti ak deplasman • Aparèy pwotèz ak òtotik (eksepte dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon ògan entèn kò a (enkli tisi kontigi), oswa tout oswa yon pati nan fonksyon yon ògan entèn kò a ki yon fason pèmanan pa fonksyone oswa ki mal fonksyone, enkli ranplasman oswa reparasyon aparèy sa yo • Aparèy sipò òtopedik pou janm, bra, do ak kou; senti èni, ak janm, bra, ak je atifisyèl enkli ajisteman, reparasyon, ak ranplasman ki nesesè akòz kase, uzaj, pèt, oswa yon chanjman nan kondisyon fizik pasyan an • Fizyoterapi, terapi lapawòl, ak èqoterapi	Lè sejou antanke pasyan ki entène w la pa kouvri, ou pral peye depans pou sèvis ou resevwa jan l dekri nan tout tablo avantaj sa a.
Terapi nitrisyon medikal Avantaj sa a deziyen pou moun ki gen dyabèt, maladi renal (ren) (men ki pa sou dyaliz), oswa apre yon transplantasyon ren lè se doktè w ki rekòmande sa. Nou kouvri 3 èdtan sèvis konsèy fas a fas pandan premye ane ou jwenn sèvis terapi nitrisyon anba Medicare (ki gen ladann plan nou an, nenpòt lòt plan Medicare Advantage, oswa Original Medicare), ak 2 èdtan apre chak ane apre sa. Si kondisyon ou, tretman ou, oswa dyagnostik ou chanje, ou ka kapab jwenn plis èdtan tretman ak yon referans doktè. Yon medsen dwe preskri sèvis sa yo ak renouvle referans yo a chak ane si tretman w nan nesesè pou pwochen ane kalandriye la.	**Nan rezo:** Manm ki elijib pou sèvis terapi nitrisyon medikal Medicare kouvri yo pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz.
Pwogram Medicare pou Prevansyon Dyabèt (MDPP) **Sèvis MDPP yo kouvri pou moun ki elijib yo anba tout plan sante Medicare yo.** MDPP se yon entèvansyon estriktire pou chanjman konpòtman sante ki bay fòmasyon pratik nan chanjman alimantè alontèm, ogmantasyon aktivite fizik, ak estrateji rezoud pwoblèm pou depase defi yo pou kenbe pèt pwa ak yon estil vi ansante.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou avantaj MDPP a.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Medikaman Medicare Part B **Medikaman sa yo kouvri anba Part B Original Medicare. Manm plan nou yo jwenn kouvèti pou medikaman sa yo atravè plan nou an. Medikaman kouvri yo enkli:** • Medikaman ke pasyan an pa konn administre li menm anjeneral epi yo enjekte oswa pèfize pandan ou resevwa sèvis doktè, sèvis lopital klinik, oswa sèvis sant chiriji anbilatwa • Ensilin ki founi atravè yon aparèy medikal dirab (tankou yon ponp ensilin medikal nesesè) • Lòt medikaman ou pran avèk aparèy medikal dirab (tankou nebilizè) ki te otorize pa plan nou an • Medikaman Alzheimer a, Leqembi® (non jenerik lecanemab), administre nan venn. Anplisde depans medikaman yom ou ka bezwen eskàn anplis ak tès anvan ak/oswa pandan tretman ki ta ka ajoute sou depans total ou yo. ta ka ajoute nan depans total ou yo. Pale ak doktè ou sou ki skan ak tès ou ka bezwen kòm pati nan tretman ou • Faktè kowagilasyon ou ba tèt ou pa enjeksyon si ou gen emofili • Medikaman transplantasyon/iminosipresè: Medicare kouvri terapi medikaman transplantasyon si Medicare te peye pou transplantasyon ògan ou. Ou dwe genyen Part A nan moman transplantasyon ki kouvri a, e ou dwe gen Part B nan moman ou pran medikaman iminosipresè yo. Kouvèti medikaman Medicare Part D kouvri medikaman iminosipresè yo si Part B pa kouvri yo • Medikaman osteoporoz enjektab, si ou konfine lakay ou, ou gen yon frakti zo yon doktè sètifye ki te asosye ak osteoporoz apre menopoz, epi ou pa ka administre medikaman an pou tèt ou • Kèk antijèn: Medicare kouvri antijèn si yon doktè prepare yo epi yon moun ki byen enstrui (ki ta ka ou menm, pasyan an) ba yo anba sipèvizyon apwopriye • Sèten medikaman anti-kansè oral: Medicare kouvri kèk medikaman kansè oral ou pran pa bouch si menm medikaman an disponib nan fòmilè enjeksyon oswa medikaman an se yon promedikaman (yon fòm oral yon medikaman ki, lè li avale, dekonpoze an menm engredyan aktif ki nan medikaman enjeksyon an) medikaman enjeksyon an. Etan nouvo medikaman kansè oral ap vin disponib, Part B ka kouvri yo. Si Part B pa kouvri yo, Part D kouvri yo • Medikaman anti-vomisman oral: Medicare kouvri medikaman anti-vomisman oral ou itilize kòm yon pati nan yon rejim chimyoterapi anti-kansè si yo administre anvan, nan, oswa nan 48 èdtan apre chimyoterapi oswa itilize kòm yon ranplasman terapetik konplè pou yon medikaman anti-vomisman nan venn • Sèten medikaman oral pou Maladi Renal Etap Final (ESRD) kouvri anba Medicare Part B • Medikaman calcimimetic ak lye fosfat anba sistèm peman ESRD, enkli medikaman intraveyne Parsabiv®, ak medikaman oral Sensipar® • Sèten medikaman pou dyaliz lakay, enkli eparin, antidòt pou eparin lè sa nesesè medikal ak anestezik topikal	**Nan rezo:** Medikaman chimyoterapi **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn Medikaman Ensilin Part B Medicare **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Famasi Lòt Medikaman Part B Medicare **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Famasi Kèk medikaman Part B ki gen rabè ka sibi yon ko-asirans ki pi ba. Ka genyen yon kou pou administrasyon yon medikaman Part B, anplisde depans pou medikaman an menm. Ou ka gen pou w eseye yon diferan medikaman anvan n ap dakò pou n kouvri medikaman w ap mande a. Yo rele sa "terapi pa Etap." Ou p ap peye plis pase $35 pou rezèv yon mwa (jiska 30 jou) pou tout ensilin Part B plan w nan kouvri yo, e si plan w nan genyen yon franchiz li pa aplike pou ensilin Part B a.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Ajan ki estimile eritwopoyèz: Medicare kouvri eritwopoyetine pa entèksyon si ou gen Maladi Renal nan Dènye Estaj (ESRD) oswa ou bezwen medikaman sa a pou trete anemi ki lye ak kèk lòt kondisyon (tankou Epogen®, Procrit®, Retacrit®, Epoetin Alfa, Darbepoetin Alfa, Mircera®, oswa Methoxy polyethylene glycol-epoetin beta) • Globilin Iminitè Entravenèz pou tretman lakay maladi defisyans iminitè primè • Nitrisyon parenteral ak enteral (nitrisyon intraveyne ak pa tib) Lyen ki ansuiv la pral mennen ou nan yon lis Medikaman Part B ki ka sibi Terapi pa Etap: **Humana.com/PAL** Nou kouvri tou kèk vaksen anba Part B ak pifò vaksen pou adilt anba avantaj medikaman Part D nou a. Chapit 5 eksplike avantaj medikaman Part D nou a, ladan règleman ou dwe suiv pou yo kouvri preskripsyon w yo. Nan Chapit 6 yo eksplike sa pou peye pou medikaman Part D yo atravè plan nou an. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	
Tès depistaj ak terapi pou obezite pou ankouraje pèdi pwa alontèm Si ou genyen yon endis mas kòporèl ki 30 oswa plis, nou kouvri konsèy entansif pou ede w pèdi pwa. Konsèy sa a kouvri si ou jwenn ni nan yon anviwonman swen prensipal, kote yo pral kowòdone ak plan prevansyon konpreyansif ou a. Pale ak doktè swen primè ou oswa pratisyen ou pou jwenn plis enfòmasyon.	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman oswa franchiz pou depistaj ak terapi prevantif pou obezite.
Sèvis pwogram tretman opiyoyid Manm plan nou an ki gen twoub itilizasyon opiyoyid (OUD) ka jwenn kouvèti sèvis pou trete OUD atravè yon Pwogram Tretman Opiyoyid (OTP) ki enkli sèvis sa yo: • Medikaman tretman asiste pa medikaman (MAT) agonist ak antagonist opiyoyid apwouve pa Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (FDA). • Distribisyon ak administrasyon medikaman MAT (si aplikab) • Konsèy sou konsomasyon sibstans • Terapi endividyèl ak gwoup • Tès toksikoloji • Aktivite admisyon • Evalyasyon peryodik Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn
Tès dyagnostik ekstèn ak sèvis ak founiti terapetik Sèvis ki kouvri yo enkli, men pa limite a: • Radyografi • Terapi radyasyon (radyòm ak izotòp) ki enkli materyèl ak founiti tekrisyen • Founiti chirjikal, tankou pansman • Atèl, plat ak lòt aparèy ki itilize pou redwi frakti ak deplasman	**Nan rezo:** Founisè ak Sèvis Pwofesyonèl **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Tès laboratwa • San – ki enkli estokaj ak administrasyon. Kouvèti pou san total ak globil wouj konsantre kòmanse ak premye pent san ou bezwen an. • Tès dyagnostik ki pa laboratwa tankou skan CT, IRM, EKG, ak skan PET lè doktè ou oswa lòt founisè swen sante ou òdone yo pou trete yon pwoblèm medikal. • Lòt tès dyagnostik ekstèn Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	Pwosedi dyagnostik ak tès **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Sant Swen Ijan – Lopital Ekstèn Sèvis Imajri Avanse **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Etablisman Radyoloji Endepandan Sèvis Radyoloji Debaz **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Sant Swen Ijan – Lopital Ekstèn – Etablisman Radyoloji Endepandan Mamografi dyagnostik **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Etablisman Radyoloji Endepandan Terapi Radyasyon **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Etablisman Radyoloji Endepandan Sèvis Medsin Nikleyè **$0** kopeman – Lopital Ekstèn – Etablisman Radyoloji Endepandan Etid Somèy nan Etablisman **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
	Etid Somèy nan Kay **$0** kopeman – Lakay Manm nan Founiti Medikal **$0** kopeman – Founisè Founiti Medikal Kolonoskopi dyagnostik **$0** kopeman – Sant Chiriji Anbilatwa – Lopital Ekstèn Sèvis laboratwa **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis – Sant Swen Ijan – Lopital Ekstèn – Laboratwa Endepandan
Obsèvasyon lopital ekstèn Sèvis obsèvasyon se sèvis lopital pou pasyan ki pa entène yo bay pou detèmine si ou bezwen ospitalize kòm pasyan ki entène oswa si ou ka egzeyate. Pou obsèvasyon lopital pasyan ki pa entène ka kouvri, se pou yo reponn ak kondisyon Medicare epi pou yo konsidere tankou rezonab ak nesesè. Sèvis obsèvasyon yo kouvri sèlman lè se yon medsen ki preskri li oswa yon lòt moun lalwa sou lisans Eta a ak règleman anplwaye lopital la otorize pou admèt pasyan yo lopital oswa preskri tès laboratwa. **Remak:** Sòf si founisè a te ekri yon òd pou admèt ou kòm yon pasyan entène nan lopital la, ou se yon pasyan ki pa entène epi ou peye montan pataj depans pou sèvis lopital ekstène. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Si ou pa sèten si ou se yon pasyan ki pa entène, mande estaf lopital la. Jwenn plis enfòmasyon nan fèy enfòmasyon Medicare Medicare Hospital Benefits disponib nan Medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Lopital Ekstèn
Sèvis lopital pasyan ki pa entène Nou kouvri sèvis ki nesesè pou rezon medikal ke w jwenn nan depatman pasyan ki pa entène lopital pou dyagnostik oswa tretman yon maladi oswa blesi. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: • Sèvis nan yon sèvis ijans oswa klinik pasyan ki pa entène, tankou sèvis obsèvasyon oswa chiriji pasyan ki pa entène	Toudepann nivo elijibilite Medicaid ou, ou ka pa responsab pou kopeman, ko-asirans, oswa franchiz pou sèvis ki liste nan seksyon sa a.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Tès laboratwa ak dyagnostik ki fakture pa lopital la • Swen sante mantal, ki enkli swen nan yon pwogram ospitalizasyon pasyèl, si yon doktè sètifye ke tretman entène ta nesesè san li • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji ki fakture pa lopital la • Founiti medikal tankou atèl ak plat • Sèten medikaman ak byolojik ou pa ka ba ou tèt ou **Remak:** Sòf si founisè a te ekri yon òd pou admèt ou kòm yon pasyan entène nan lopital la, ou se yon pasyan ki pa entène epi ou peye montan pataj depans pou sèvis lopital ekstène. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Si ou pa sèten si ou se yon pasyan ki pa entène, mande estaf lopital la. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Pwosedi dyagnostik ak tès **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis Imajri Avanse **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis Medsin Nikleyè **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis Radyoloji Debaz **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Mamografi dyagnostik **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Terapi Radyasyon **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis laboratwa **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis chiriji **$0** kopeman – Lopital Ekstèn SÈVIS SANTE MANTAL **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Swen pou Blesi **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Etid Somèy nan Etablisman **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis Ijans **$0** oswa **$130** kopeman – Sal Ijans

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
	Kolonoskopi dyagnostik **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis Tretman Ekstèn Entansif **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Ospitalizasyon Pasyèl **$0** kopeman – Lopital Ekstèn
Swen sante mantal ekstèn Sèvis ki kouvri yo genyen: Sèvis sante mantal ki bay pa yon sikyat oswa doktè ki gen lisans Eta, sikològ klinik, travayè sosyal klinik (CSW), espesyalis enfimyè klinik (CNS), konseye pwofesyonèl lisansye (LPC), konseye konjigal ak fanmi lisansye (LMFT), pratisyen enfimyè (NP), asistan doktè (PA), oswa lòt pwofesyonèl sante mantal kalifye pa Medicare jan sa pèmèt anba lwa Eta ki aplikab yo. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** SÈVIS SANTE MANTAL **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn
Sèvis reyabilitasyon ekstèn Sèvis ki kouvri yo enkli fizyoterapi, èqoterapi, ak terapi lapawòl ak langaj. Sèvis reyabilitasyon ekstèn yo founi nan divès anviwonman ekstèn, tankou depatman ekstèn lopital, biwo terapet endepandan, ak Sant Konplè Reyabilitasyon Ekstèn (CORF). Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Fizyoterapi **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Sant Konplè Reyabilitasyon Ekstèn Òtofoni **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Sant Konplè Reyabilitasyon Ekstèn Èqoterapi **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn – Sant Konplè Reyabilitasyon Ekstèn
Sèvis tretman twoub konsomasyon sibstans an konsiltasyon ekstèn Ou kouvri pou tretman abi sibstans, jan l kouvri nan Original Medicare. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis tretman twoub konsomasyon sibstans an konsiltasyon ekstèn **$0** kopeman

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
	– Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn
Chiriji pou pasyan ki pa entène, ikonpri sèvis yo bay nan etablisman lopital pou pasyan ki pa entène ak sant chiriji anbilatwa **Remak:** Si ou pral fè yon operasyon nan yon etablisman lopital, ou dwe verifye avèk founisè ou a si ou pral yon pasyan entène oswa yon pasyan ki pa entène. Amwens pwofesyonèl swen an ekri yon preskripsyon pou yo admèt ou lopital antanke pasyan ki entène, ou se yon pasyan ki pa entène e ou peye montan pataj depans pou chiriji antanke pasyan ki pa entène. Menmsi ou rete lopital la yon nwit, yo ka toujou konsidere w tankou yon pasyan ki pa entène. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis chiriji **$0** kopeman – Lopital Ekstèn – Sant Chiriji Anbilatwa Kolonoskopi dyagnostik **$0** kopeman – Sant Chiriji Anbilatwa – Lopital Ekstèn
Sèvis ospitalizasyon pasyèl ak Sèvis tretman entansif an anbilatwa Ospitalizasyon pasyèl se yon pwogram estriktire tretman sikyatrik aktif ki ofri kòm yon sèvis ospitalye an anbilatwa oswa pa yon sant sante mantal kominotè ki pi entansif pase swen ou resevwa nan biwo doktè ou, terapet ou, konseye konjigal ak fanmi lisansye ou (LMFT), oswa konsèye pwofesyonèl lisansye ou, epi ki se yon altènatif pou ospitalizasyon entèn. *Sèvis entansif pou pasyan ki pa entène* se yon pwogram tretman terapi sante konpòtmantal (mantal) aktif yo bay lopital nan depatman pou pasyan ki pa entène, yon sant sante mantal kominotè, yon sant sante ki gen konpetans federal, oswa yon klinik sante riral ki pi entansif pase swen w jwenn kay doktè w, terapet ou, terapet marital ak familyal ki gen lisans (LMFT), oswa biwo konseye pwofesyonèl ki gen lisans men ki mwen entans pase ospitalizasyon pasyèl. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Ospitalizasyon Pasyèl **$0** kopeman – Lopital Ekstèn Sèvis Tretman Ekstèn Entansif **$0** kopeman – Lopital Ekstèn
*** Egzamen Fizik (Woutin)** Anplis de Vizit Byennèt Anyèl la oswa egzamen fizik *Byenvini nan Medicare* a, ou gen kouvèti pou egzamen sa a yon fwa pa ane kalandriye: • Evalyasyon ak jesyon medsin prevantif konplè, ki gen ladan yon istwa ki apwopriye pou laj ak sèks, egzamen, ak konsèy/gidans antisipasyon/ entèvansyon rediksyon faktè risk	**Nan rezo:** Egzamen Fizik Woutin **$0** kopeman – Biwo PCP
Remak: Nenpòt analiz oswa pwosedi dyagnostik ki òdone yo pa kouvri nan avantaj sa a epi ou peye montan patisipasyon ou nan plan an pou sèvis sa yo separeman.	
Sèvis Doktè/Pratisyen, ikonpri vizit nan biwo doktè Sèvis ki kouvri yo genyen: • Swen medikal oswa sèvis chiriji ki nesesè medikal ke ou resevwa nan biwo yon doktè, sant chiriji anbilatwa sètifye, depatman pasyan ekstèn lopital, oswa nenpòt lòt kote • Konsiltasyon, dyagnostik, ak tretman pa yon espesyalis • Egzamen debaz pou tande ak balans ki fèt pa PCP ou oswa espesyalis ou, si doktè ou a mande li pou wè si ou bezwen tretman medikal	**Nan rezo:** Founisè ak Sèvis Pwofesyonèl **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis Sèvis Telesante yo: **$0** kopeman – PCP Vityèl – Espesyalis Vityèl

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Sèten sèvis telesante, ki gen ladan sèvis pa founisè swen primè (PCP) ak espesyalis; sèvis espesyalite sante mantal ak sèvis sikiyatrik; sèvis pou moun ki abize sibstans an konsiltasyon ekstèn; ak sèvis ki nesesè ijan – Ou gen opsyon pou jwenn sèvis sa yo atravè yon vizit an pèsòn oswa pa telesante. Si ou chwazi jwenn youn nan sèvis sa yo pa telesante, ou dwe itilize yon founisè rezo ki ofri sèvis la pa telesante – Ou ka itilize yon telefòn, òdinatè, tablèt, oswa lòt teknoloji videyo • Kèk sèvis telesante ki gen ladan konsiltasyon, dyagnostik, ak tretman pa yon doktè oswa pratisyen, pou pasyan nan sèten zòn riral oswa lòt kote ke Medicare apwouve • Sèvis telesante pou vizit mansyèl ki gen rapò ak maladi ren estaj final pou manm k ap fè dyaliz lakay yo nan yon sant dyaliz ren ki baze nan yon lopital oswa yon lopital aksè kritik, yon etablisman dyaliz ren, oswa lakay manm nan • Sèvis telesante pou dyagnostike, evalye, oswa trete sentòm yon estwòk, kèlkeswa kote ou ye • Sèvis telesante pou manm ki gen yon pwoblèm konsomasyon sibstans oswa pwoblèm sante mantal ki parèt ansanm, kèlkeswa kote yo ye • Sèvis telesante pou dyagnostik, evalyasyon, ak tretman maladi sante mantal • Sèvis telesante pou vizit sante mantal ki founi pa Klinik Sante Riral ak Sant Sante Kalifye Federalman • Anrejistreman vityèl (pa egzanp, pa telefòn oswa videyo chat) ak doktè ou pou 5-10 minit si: – Ou pa yon nouvo pasyan epi – Chèk-in an pa gen rapò ak yon vizit biwo nan 7 jou ki sot pase yo epi – Chèk-in an pa mennen nan yon vizit biwo nan 24 èdtan oswa nan randevou ki disponib pi bonè a • Evalyasyon videyo ak/oswa imaj ou voye bay doktè ou, ak entèpretasyon ak swivi pa doktè ou nan 24 èdtan si: – Ou pa yon nouvo pasyan epi – Evalyasyon an pa gen rapò ak yon vizit biwo nan 7 jou ki sot pase yo epi – Evalyasyon an pa mennen nan yon vizit biwo nan 24 èdtan oswa nan randevou ki disponib pi bonè a • Konsiltasyon doktè ou fè ak lòt doktè pa telefòn, entènèt, oswa dosye sante elektwonik • Dezyèm opinyon pa yon lòt founisè nan rezo a anvan chiriji • Swen dantè ki pa woutin (sèvis ki kouvri yo limite a chiriji machwa a oswa estrikti ki gen rapò ak li, rediksyon frakti machwa oswa zo figi, ekstraksyon dan pou prepare machwa pou tretman radyasyon maladi kansè neyoplastik, oswa sèvis ki ta kouvri lè yo founi pa yon doktè) • Sèvis ijan doktè/pratisyen ki founi nan yon anviwonman biwo Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	– Swen Sante Mantal ak Tretman Abi Sibstans Vityèl – Swen Ijan Vityèl Sèvis Imajri Avanse **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis Sèvis chiriji **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis Terapi Radyasyon **$0** kopeman – Biwo Espesyalis Sèvis ki nesesè an ijans **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis
Sèvis podoloji Sèvis ki kouvri yo genyen: • Dyagnostik ak tretman medikal oswa chirijikal blesi ak maladi pye (tankou zòtèy an mato oswa epewon talon)	**Nan rezo:** Sèvis Podoloji Medicare Kouvri **$0** kopeman – Biwo Espesyalis

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye

• Swen woutin pye pou manm ki gen sèten kondisyon medikal ki afekte manm anba yo
 	
*Ou se kouvri tou pou avantaj swen pye woutin siplemantè:
• Ou ka refere tèt ou pou vizit san limit pa ane kalandriye nan yon espesyalis rezo. Sèvis siplemantè kouvri yo enkli:
  • Pare oswa koupe lezyon ipèkeratozik benin (pa egzanp, diriyon, veri ak kal)
  • Koupe oswa debridan zong
 	
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.
	Nan Rezo:
	Sèvis Podoloji (Woutin)
	$0 kopeman
	– Biwo Espesyalis

Profilaksi pre-ekspozisyon (PrEP) pou prevansyon VIH Si w pa gen HIV, men doktè w la oswa lòt pratisyen swen sante detèmine ou gen yon risk anplis pou HIV, nou kouvri medikaman ak sèvis ki gen rapò avèk pwofilaksi pre-ekspozisyon (PrEP). Si w kalifye, sèvis ki kouvri yo genyen: • Medikaman PrEP oral oswa injectable ki apwouve pa FDA, enkli frè pou injekte medikaman an, si sa aplikab • Jiska 8 seyans konsèy endividyèl (enkli evalyasyon risk VIH, rediksyon risk VIH, ak adherans medikaman) chak 12 mwa. • Jiska 8 depistaj VIH chak 12 mwa. • Yon depistaj yon sèl fwa pou viris epatit B	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou avantaj PrEP la.
Egzamen depistaj kansè pwostat Pou gason ki gen 50 an ak plis, sèvis ki kouvri yo enkli sa ki annapre yo yon fwa chak 12 mwa: • Egzamen rektal dijital • Tès Antigèn Espesifik Pwostat (PSA)	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou tès PSA anyèl la.
Aparèy pwotèz ak òtèz ak materyèl ki gen rapò ak yo Aparèy (ki pa dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon pati kò a oswa nan fonksyon li. Sa yo enkli men pa limite a tès, ajisteman, oswa fòmasyon nan itilizasyon aparèy pwotèz ak òtotik; ansanm ak sak kolostomi ak founiti ki dirèkteman an rapò ak swen kolostomi, stimilatè kadyak, aparèy sipò òtopedik, soulye pwotèz, manm atifisyèl, ak pwotèz tete (enkli yon soutyen-gòj chirjikal apre yon mastèktomi). Li gen ladan ni sèten materyèl ki gen rapò ak pwotèz ak òtèz, ak reparasyon ak/oswa ranplasman pwotèz ak òtèz yo. Li gen ladann tou kèk kouvèti apre ekstraksyon katarat oswa chiriji katarat – ale nan *Swen Vizyon* pi devan nan tablo sa a pou plis detay. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Founisè Pwotèz
Sèvis reyabilitasyon pilmonè Pwogram konplè pou reyabilitasyon pilmonè yo kouvri pou manm ki genyen maladi pilmonè obstriktif kwonik (COPD) ki modere a trè grav ak yon referans pou reyabilitasyon pilmonè ke doktè kap trete maladi respiratwa kwonik la bay.	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	
Depistaj ak konsèy pou redwi move konsomasyon alkòl Nou kouvri yon depistaj move konsomasyon alkòl pou granmoun (enkli fanm ansent) ki mal itilize alkòl men ki pa depandan alkòl. Si tès depistaj pou move konsomasyon alkòl ou a pozitif, ou ka jwenn jiska 4 sesyon konsèy brèf fasafas chak ane (si ou konpetan ak atantif pandan sesyon konsy la) yon doktè swen prensipal oswa pratisyen otorize bay nan yon kad swen prensipal.	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou sèvis prevantif depistaj ak konsèy Medicare kouvri pou diminye move konsomasyon alkòl.
Depistaj kansè poumon ak tomografi konpite dòz fèb (LDCT) Pou moun ki kalifye yo, yon LDCT kouvri chak 12 mwa. **Manm ki elijib yo se:** moun ki gen ant 50 – 77 an ki pa gen siy oswa sentòm kansè poumon, men ki gen yon istwa fimen tabak pou omwen 20 pak-ane ak ki fimen kounye a oswa ki te sispann fimen nan dènye 15 ane, ki resevwa yon òdonans pou LDCT pandan yon depistaj kansè poumon vizit konsèy ak priz desizyon patajé ki satisfè kritè Medicare pou vizit sa yo epi li dwe founi pa yon doktè oswa yon pratisyen non-doktè kalifye. *Pou tès depistaj kansè nan poumon LDCT apre tès depistaj LDCT inisyal la:* manm yo dwe jwenn yon preskripsyon pou tès depistaj kansè nan poumon LDCT, yo kapab jwenn pandan nenpòt vizit ki apwopriye ak yon doktè oswa yon pratisyen kalifye ki pa doktè. Si yon doktè oswa yon pratisyen ki kalifye ki pa doktè deside bay vizit konsèy depistaj kansè poumon ak priz desizyon pataje pou depistaj kansè poumon ki vin apre yo ak LDCT, vizit la dwe satisfè kritè Medicare pou vizit konsa. Kritè Medicare pou vizit konsa yo.	**Nan rezo:** Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou vizit konsèy ak priz desizyon pataje Medicare kouvri oswa pou LDCT a.
Depistaj pou enfeksyon viris Epatit C Nou kouvri yon tès depistaj pou Epatit C si doktè swen prensipal ou a oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante kalifye bay mande pou fè li epi ou satisfè youn nan kondisyon sa yo: • Ou nan gwo risk paske ou itilize oswa ou te itilize enjeksyon dwòg ilegal. • Ou te resevwa yon transfizyon san anvan 1992. • Ou te fèt ant 1945-1965. Si w fèt ant 1945 ak 1965 epi yo pa konsidere ou kòm yon moun ki gen gwo risk, nou peye pou yon sèl tès depistaj. Si ou gen gwo risk (pa egzanp, ou kontinye itilize enjeksyon dwòg ilegal depi dènye tès depistaj negatif Epatit C ou a), nou kouvri depistaj chak ane.	**Nan rezo:** Pa gen ko-asirans, kopeman, oswa franchiz pou depistaj Viris Epatit C Medicare kouvri.
Tès depistaj pou enfeksyon moun trape nan fè sèks (Sexually Transmitted Infections, STI) ak konsèy pou evite trape STI Nou kouvri depistaj enfeksyon transmisib seksyèlman (ETS) pou klamidya, gonore, sifilis, ak Epatit B. Depistaj sa yo kouvri pou fanm ansent ak pou sèten moun ki gen risk ogmante pou yon ETS lè tès yo òdone pa yon founisè swen prensipal. Nou kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa sèten lè pandan gwosès. Nou kouvri tou jiska 2 sesyon endividyèl fasafas pou konsèy konpòtmantal a wo entansite ki dire 20 a 30 minit, chak ane pou adilt ki aktif seksyèlman ki gen risk elve pou maladi ki seksyèlman transmisib (STI) yo. Nou kouvri sèsyon	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou avantaj prevantif depistaj STI ak konsèy pou STI yo ke Medicare kouvri.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
konsèy sikolojik sa yo kòm yon sèvis prevantif sèlman si yo bay yo pa yon founisè swen prensipal epi yo fèt nan yon anviwonman swen prensipal, tankou yon biwo doktè.	
Sèvis pou trete maladi ren Maladi Ren ak sèvis dyaliz gen ladan: • Sèvis edikasyon maladi ren pou anseye swen ren ak ede manm yo pran desizyon eklere konsènan swen yo. Pou manm ki gen maladi ren kwonik estaj IV lè doktè yo rekomande yo, nou kouvri jiska 6 sesyon sèvis edikasyon maladi ren pou tout lavi • Tretman dyaliz pou pasyan ki pa entène (enkli tretman dyaliz lè ou tanporèman deyò zòn sèvis la, jan sa eksplike nan Chapit 3, oswa lè founisè ou pou sèvis sa a tanporèman pa disponib oswa pa aksesib) • Tretman dyaliz pou pasyan entène (si ou admèt kòm pasyan entène nan yon lopital pou swen espesyal) • Fòmasyon oto-dyaliz (enkli fòmasyon pou ou ak nenpòt moun ki ede ou ak tretman dyaliz lakay ou) • Ekipman ak founiti dyaliz lakay • Sèten sèvis sipò lakay (tankou, lè sa nesesè, vizit pa travayè dyaliz ki fòme pou tcheke dyaliz lakay ou, pou ede nan ijans, ak tcheke ekipman dyaliz ou ak sous dlo ou) Sèten medikaman pou dyaliz kouvri anba Medicare Part B. Pou enfòmasyon sou kouvèti pou Medikaman Part B, ale nan **Medikaman Medicare Part B** nan tablo sa a. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis Edikasyon Maladi Ren **$0** kopeman – Biwo PCP – Biwo Espesyalis Sèvis Dyaliz Renal **$0** kopeman – Sant Dyaliz – Lopital Ekstèn Ekipman Medikal Dirab **$0** kopeman – Founisè Ekipman Medikal Dirab
*** Pwogram fitness SilverSneakers®** SilverSneakers® se yon pwogram kondisyònman fizik pou granmoun ki enkli san frè adisyonèl ak plan sante Medicare ki kalifye. Manm yo gen aksè nan kote fitness ki patisipe atravè peyi a ki ka gen pwa ak machin plis klas egzèsis an gwoup dirije pa enstriktè fòme nan kèk kote. Jwenn edikasyon anliy sou **SilverSneakers.com**, gade videyo egzèsis sou SilverSneakers On-DemandTM oswa telechaje aplikasyon fitness SilverSneakers GOTM pou lide egzèsis siplemantè. Plan an ofri yon avantaj fòm fizik ki gen ladan aksè nan nivo abònman ki pi ba nan pri nan jimnaz ak sant fòm fizik k ap patisipe atravè nasyon an, ansanke klas fòm fizik an gwoup ki dirije pa yon enstriktè an dirèk ki fèt pou granmoun aje. Nenpòt sèvis sant kondisyònman fizik ki anjeneral gen yon frè siplemantè pa enkli nan abònman w lan.	**Nan rezo:** **$0** kopeman
Etablisman swen enfimye espesyalize (SNF) (Pou yon definisyon swen etablisman enfimyè ki kalifye, ale nan Chapit 12. Etablisman enfimyè ki kalifye yo rele pafwa SNF.) Plan medikal ou kouvri jiska 100 jou ki nesesè pou chak peryòd avantaj. Sejou lopital anvan an pa obligatwa. Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo, men se pa sèlman: • Chanm semi-prive (oswa chanm prive si sa nesesè medikal) • Repa, ki gen ladan rejim espesyal • Sèvis enfimyè ki kalifye	Yon nouvo peryòd avantaj ap kòmanse nan jou youn lè ou premye enskri nan yon plan Medicare Advantage, oswa lè ou te sòti nan swen espesyalize nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize pou **60 jou konsekitif**. Pa Peryòd Avantaj, ou peye:

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Fizyoterapi, ègoterapi, ak terapi lapawòl • Medikaman yo ba ou kòm yon pati nan plan swen nou an (sa a gen ladan sibstans ki natirèlman prezan nan kò a, tankou faktè koagulasyon san.) • San - ki gen ladan depo ak administrasyon. Kouvèti pou san antye ak selil wouj ki konpakte kòmanse ak premye pent san ou bezwen an. • Founiti medikal ak chirjikal ke SNF yo bay òdinèman • Tès laboratwa ke SNF yo bay òdinèman • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji ke SNF yo bay òdinèman • Itilizasyon aparèy tankou chèz woulant ke SNF yo bay òdinèman • Sèvis Doktè/Pratisyen Anjeneral, w ap jwenn swen SNF ou nan etablisman ki nan rezo a. Anba sèten kondisyon ki endike anba a, ou ka kapab jwenn swen ou nan yon etablisman ki pa yon founisè rezo, si etablisman an aksepte montan plan nou an pou peman. • Yon kay retrèt oswa kominote retrèt swen kontinyèl kote ou te abite jis anvan ou ale nan lopital la (toutotan li bay swen etablisman enfimyè ki kalifye) • Yon SNF kote mari oswa madanm ou oswa patnè domestik ou ap viv nan moman ou kite lopital la Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan Rezo:** Swen Enfimyè Ki Kalifye Kopeman **$0** pou chak admisyon – Etablisman Enfimyè Ki Kalifye
Sispann fimen ak itilize tabak (konsèy pou sispann fimen ak itilize tabak) Konsèy pou sispann fimen ak itilize tabak kouvri pou pasyan ki pa entène ak pasyan ki entène ki satisfè kritè sa yo: • Itilize tabak, kèlkeswa si yo montre siy oswa sentòm maladi ki gen rapò ak tabak • Konpetan ak vijilan pandan konsèy sikolojik la • Yon doktè ki kalifye oswa lòt pratisyen rekonèt pa Medicare bay konsèy sikolojik la Nou kouvri 2 tantativ pou sispann chak ane (chak tantativ ka gen ladan yon maksimòm 4 sesyon entèmedyè oswa entansif, kote pasyan an ka jwenn jiska 8 sesyon chak ane.)	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou avantaj sèvis prevantif pou kite fimen ak itlize tabak Medicare kouvri.
*** Pwogram sispann fimen** Anplis de 2 avantaj preventif Medicare kouvri pou sispann fimen ak itilizasyon tabak, nou pral kouvri yon tantativ siplemantè pou kite fimen nan yon peryòd 12 mwa kòm yon sèvis san okenn frè pou ou. Efò anplis sa a ak konsèy genyen ladan jiska kat vizit fasafas. Sèvis sa a kapab sèvi swa kòm mezi prevantif swa pou yon dyagnostik maladi ki gen rapò avèk tabak.	**Nan rezo:** **$0** kopeman
*** Avantaj siplemantè espesyal pou moun ki soufri maladi kwonik Humana Healthy Options Allowance®™** **San Preskripsyon (OTC)** Tout manm ki enskri nan plan an resevwa **$125** alokasyon chak mwa ki chaje	**Nan rezo:** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou patisipe.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
otomatikman sou yon kat debi prepaye a itilizasyon limite pou itilize nan kote vant detay k ap patisipe yo pou achte pwodui ki elijib nan kategori vann san preskripsyon (OTC) sa yo: • Medikaman pou grip, fredi, ak alèji • Atik pou dan ak swen dantè • Pwodwi pou lestomak ak dijestion • Atik premye swen ak founiti medikal • Founiti pou kontwòl blad pipi • Aparèy pou tande ou ka achte san preskripsyon • Medikaman pou soulaje doulè • Atik pou swen po • Èd pou dòmi • Pwodwi pou ede ou sispann fimen • Vitamin ak sipleman dyetetik, ak plis toujou Si ou deja gen yon Kat Kont Depans Humana ki soti nan plan aktyèl ou a, tanpri kenbe li paske alokasyon ou a pral chaje sou kat sa a. Nouvo manm yo pral resevwa yon kat pa lapòs. Tanpri aktive, oswa mete aktif, kat ou a kou ou resevwa li. Itilize kat sa a pou depanse alokasyon ou. • Alokasyon ou a ajoute nan kat la nan premye jou chak mwa. • Si ou pa itilize tout lajan ou, montan ki rete a deplase, oswa roule sou, nan mwa pwochen an. • Nenpòt lajan ki rete sou kat la pral fini nan fen ane a. Li ka fini pi bonè tou si ou kite plan sa a. • Plan nou an pa responsab si yon moun itilize alokasyon ou san pèmisyon paske kat ou a te pèdi oswa vòlè. • Kenbe kat sa a nan yon kote ki an sekirite, menm jan ou ta fè ak nenpòt kat debi. • Kenbe kat sa a menm apre ou fin depanse lajan an. Plis lajan ka ajoute pita si ou rete nan plan an. • Limitasyon ak restriksyon ka aplike. Ou ka itilize aplikasyon mobil gratis MyHumana® pou jwenn boutik oswa tcheke balans ou. Aplikasyon an disponib nan App Store® ak Google Play®. Ou ka vizite MyHumana.com tou oswa gade do kat kont depans ou a pou plis enfòmasyon. **Anplis**, plan sa a ofri Avantaj Siplemantè Espesyal pou Moun ki Malad Kwonikman (SSBCI). Pou ou elijib pou SSBCI, ou dwe satisfè **TOUT** kondisyon sa yo: 1. Resevwa yon dyagnostik pou youn oswa plis nan Kondisyon Kwonik Elijib ki nan lis anba a. 2. Gen yon risk elve pou ospitalizasyon oswa lòt rezilta sante negatif enpòtan. 3. Bezwen yon kòdinasyon swen entansif. Kondisyon Kwonik Elijib: • Maladi oto-iminitè • Kansè • Twoub kadyovaskilè • Konsomasyon alkòl kwonik ak lòt twoub konsomasyon sibstans • Kondisyon sante mantal kwonik ak andikap	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Maladi gastwoentestinal kwonik • Ensifizans kadyak kwonik • Iperlipidemi kwonik • Ipertansyon kwonik • Maladi ren kwonik • Twoub poumon kwonik • Kondisyon ki asosye ak andikap koyitif • Kondisyon ak defi fonksyonèl • Demans • Dyabèt melitis • VIH/SIDA • Twoub newolojik • Apre transplantasyon ògàn • Twoub ematolojik grav • Estwòk Humana ka detèmine si ou gen yon kondisyon kwonik elijib nan youn oswa plizyè fason sa yo: • **Reklamasyon Medikal:** Humana gen yon reklamasyon medikal nan dosye ki gen yon dyagnostik pou youn oswa plis Maladi Kwonik Elijib. Reklamasyon medikal la dwe gen yon dat sèvis sou oswa apre 1/1/2022. **OSWA** • **Evalyasyon Risk Sante (HRA):** Endikasyon sou yon Evalyasyon Risk Sante (HRA) ke ou te dyagnostike ak omwen youn nan Kondisyon Kwonik Elijib yo. HRA a dwe konplete sou oswa apre 1/1/2022. Ou ka jwenn HRA a lè ou konfigire epi konekte nan kont MyHumana ou. Yon fwa Humana konfime ke ou satisfè kondisyon kondisyon kwonik lan pa youn nan metòd yo anwo a, Humana pral revize dosye manm ou an pou detèmine si ou satisfè rès kondisyon elijibilite yo. Revizyon sa a pral detèmine si ou kalifye pou resevwa avantaj adisyonèl atravè Humana Healthy Options Allowance® Ou ka kontakte Sèvis Kliyan pou enfòmasyon ak asistans siplemantè. Plan sa a ofri SSBCI sa yo: **Humana Healthy Options Allowance®** **Si ou elijib pou SSBCI sa a,** ou ka achte pwodui elijib nan kote lavant kap patisipe yo lè w itilize menm lajan an, ak menm kat la, tankou: • Pwovizyon manje (legim, fwi, pen, vyann, pwodui lèt, elatriye) • Atik swen pèsonèl (pat dan, chanpou, savon kò, dezodoran, elatriye) • Founiti kay (papye ijyenik, esyès papye, pwodui netwayaj twalèt, detèjan lesiv, elatriye) • Aparèy asistans pou kay (ba pou kenbe, chèz twalèt wo, zouti pou rive lwen, elatriye) • Pwodwi pou bèt (manje bèt, sab pou chat, chanpou pis, elatriye; pa enkli sèvis netwayaj (grooming), fakti veterinè, ak preskripsyon pou bèt) Alokasyon sa a ka itilize pou peye sèvis apwouve **si founisè sèvis la kapab trete pèman an,** tankou: • Depans lavi mansyèl (lwaye/ipotèk, sèvis piblik, telefòn, entènèt, elatriye) • Frè transpò ki pa medikal (transpò piblik, taksi, Uber, Lyft, elatriye) • Sèvis repons ijans pèsonèl atravè founisè apwouve plan an	

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Sèvis kontwòl parazit • Sèvis swen akonpayman atravè founisè apwouve plan an • Sèvis ekipman kalite lè anndan kay Patisipasyon machann yo sibi chanjman e pa garanti akseptasyon kat kont depans lan. Kèk konpayi lwaye ak sèvis piblik ka pa aksepte fòm peman sa a. * Alokasyon depans sa a se yon avantaj siplemantè espesyal pou manm ki gen kondisyon kwonik espesifik ki mande kowòdinasyon swen entansif epi ki gen yon gwo risk pou ospitalizasyon oswa lòt rezilta sante negatif. Maladi ki kalifye yo enkli dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Kèk plan egzije omwen de kondisyon. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni si w ap chèche èd. Kontakte biwo HUD lokal ou a pou kesyon.	
*** Avantaj siplemantè espesyal pou moun ki soufri maladi kwonik** **<u>Asistans pou Swen Kondisyon Kwonik</u>** Yon fwa avantaj plan an ak resous kominotè yo fini, fon Asistans Swen pou Pwoblèm Kwonik la kapab disponib pou manm ki ap patisipe nan yon pwogram jesyon swen, yo te idantifye kòm moun ki gen yon risk elve pou yo entène lopital, epi yo te fè dyagnostik ki montre yo gen omwen youn nan maladi kwonik ki vin apre yo: • Pwoblèm alkòl kwonik ak lòt pwoblèm konsomasyon sibstans (SUDs) • Maladi oto-iminitè • Kansè • Twoub kadyovaskilè • Ensifizans kadyak konjestif • Demans • Dyabèt melitis • Maladi ren kwonik • Twoub ematolojik grav • VIH/SIDA • Twoub poumon kwonik • Kondisyon sante mantal kwonik ak andikap • Twoub newolojik • Estwòk • Swen apre transplantasyon ògan Responsab swen yo kapab debloke jiska **$1,000** chak ane pou yo itilize pou redui obstak yo idantifye epi/oswa konble mank nan swen ki anpeche manm ki elijib pou pwogram nan atenn objektif yo nan kesyon swen sante. Responsab Swen yo kapab debloke fon pou ede yo peye oswa kowòdone aksè nan atik oswa sèvis pwogram nan apwouve yo, tankou (men san se pa sa sèlman): • Asistans peman kopeman oswa pataj frè pou avantaj plan sa a kouvri. • Asistans peman sèvis piblik (telefòn, entènèt, dlo, egou, gaz, elektrisite) • Asistans peman lojman (lwaye oswa ipotèk) • Aparèy sekirite kay ak sal de bèn chwazi (ba pou kenbe, syèj twalèt elve, ban oswa chèz douch, elatriye)	**<u>Nan rezo:</u>** Ou pa gen pou peye okenn ko-asirans, kopeman ni franchiz pou patisipe.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
• Atik Sèten San Preskripsyon (OTC) Chwazi. Manm yo kapab pale sou lis atik, sèvis ak limit yo okonplè, ak responsab swen yo a. Founisè plan an apwouve yo kowòdone pèman ak/oswa livrezon tout sèvis ak atik yo. Ni Humana ni vandè yo pa responsab pou atik ki pèdi oswa yo vòlè. Retounen oswa ranbousman pa pèmèt. Dat arive peman yo pa garanti. Plan an pa pran okenn responsablite pou respekte dat limit peman. Itilizasyon avantaj yo endike ke manm nan aksepte risk ki asosye ak itilizasyon pwosesis pèman twazyèm pati. Alokasyon ki pa itilize ekspire lè plan an ekspire. Suiv lyen **https://www.humana.com/member/chronic-condition-care-assistance-exclusion-list** pou egzamine yon lis konsènan limit ak restriksyon yo kapab aplike. *Asistans Swen Maladi Kwonik se yon avantaj siplemantè espesyal pou manm ki gen kondisyon kwonik espesifik ki bezwen kowòdinasyon swen entansif epi ki gen gwo risk pou ospitalizasyon oswa lòt rezilta sante negatif. Maladi ki kalifye yo enkli dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Kèk plan egzije omwen de kondisyon. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni. Kontakte biwo HUD lokal ou a pou kesyon.	
Terapi Egzèsis Sipèvize (SET) SET kouvri pou manm ki gen maladi atè peryferik sentomatik (PAD). Jiska 36 sesyon sou yon peryòd 12 semèn yo kouvri si egzijans pwogram SET yo satisfè. Pwogram SET la dwe: • Konstitye sesyon ki dire 30-60 minit, ki konprann yon pwogram egzèsis terapetik pou PAD nan pasyan ki gen klodiksyon • Fèt nan yon anviwonman ospitalyè ekstèn oswa nan biwo yon doktè • Dwe delivre pa pèsonèl oksilyè kalifye ki nesesè pou asire avantaj depase danje yo, epi ki fòme nan terapi egzèsis pou PAD • Dwe anba sipèvizyon dirèk yon doktè, asistan doktè (PA), oswa enfimyè pratisyen (NP)/espesyalis enfimyè klinik (CNS) ki dwe fòme nan tou de teknik sipò lavi debaz ak avanse SET ka kouvri apre ou depase 36 sesyon sou 12 semèn pou yon lòt 36 sesyon sou yon peryòd tan pwolonje si yon pwofesyonèl swen sante jije sa nesesè pou rezon medikal. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** **$0** kopeman – Biwo Espesyalis – Lopital Ekstèn
*** Transpò** Ou kouvri pou deplasman ale senp san limit, ki pa ijan pou ale kote plan an apwouve ki nan zòn sèvis plan an pou chak ane kalandriye. Avantaj sa a ofri mil ilimite pa vwayaj. Kote ki plan an apwouve enkli etablisman medikal, biwo medikal ak dantè, famasi ak sant fòm. Manm yo dwe pwograme vwayaj yo avèk founisè transpò ki nan rezo a omwen 3 jou travay anvan randevou yo. Kèk vwayaj ka bezwen apwobasyon	**Nan rezo:** **$0** kopeman

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
anvan. Si ou itilize yon chèz woulant, ou gen nenpòt lòt bezwen espesyal, oswa ou ta renmen pote jiska 1 konpayon nan vwayaj la, tanpri avèti vandè a lè ou pwograme vwayaj ou. Ou ka kontakte Sèvis Kliyan pou plis enfòmasyon sou kote ki plan an apwouve, founisè transpò ki nan rezo a, ak egzijans apwobasyon anvan. Si ou ta renmen planifye yon vwayaj, Sèvis Kliyan ap konfime avantaj ou yo epi gide ou vè founisè transpò a pou planifye vwayaj ou.	
Sèvis ki nesesè an ijans Yon sèvis plan an kouvri ki mande atansyon medikal imedya ki pa yon ijans se yon sèvis ki nesesè rapidman si, oswa ou deyò zòn sèvis plan nou an tanporèlman, oswa, menm si ou anndan zòn sèvis plan nou an, li pa rezonab, dapre tan ou, kote ou ye, ak sikonstans ou, pou jwenn sèvis sa a nan men founisè rezo a. Plan nou an dwe kouvri sèvis ki nesesè an ijans epi sèlman fè w peye pou pataj frè nan rezo a. Egzanp sèvis ki bezwen ijan yo se maladi medikal ak blesi enprevwa, oswa gravman inatandi kondisyon ki te deja egziste. Vizit woutin kay pwofesyonèl swen sante ki nesesè sou plan medikal, (tankou egzamen anyèl yo) pa konsidere kòm vizit ki nesesè an ijans, menm si w pa nan zòn sèvis plan nou an oswa si rezo plan nou an pa disponib tanporèman. Ou kouvri pou Sèvis ki Nesesè An ijans toupatou nan mond lan. Si w gen yon bezwen swen ijan pandan ou andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo, ou responsab pou peye alavans pou sèvis ou resevwa. Ou dwe soumèt prèv peman bay Sèvis Kliyantèl pou ranbousman. Pou plis enfòmasyon tanpri gade Chapit 7. Nou ka pa ranbouse ou pou tout depans ou fè nan pwòp pòch ou. Sa se akoz tarif kontra nou yo ka pi ba pase to pwofesyonèl swen sante andeyò peyi Etazini ak teritwa li yo. Ou responsab pou nenpòt depans ki depase tarif kontra nou yo menm jan tou ak nenpòt pataj frè pou manm yo ki aplikab. Gade **Sèvis Medsen/pratisyen, ki enkli vizit nan biwo doktè** pou enfòmasyon siplemantè sou sèvis ki nesesè ijan ki founi nan anviwonman biwo a.	**Nan rezo:** Sèvis ki nesesè an ijans **$0** kopeman – Sant Swen Ijan **Andeyò rezo:** Kouvèti toupatou nan mond lan **$0** kopeman – Sant Swen Ijan
Pwogram Rekiperasyon Kadyak Vityèl (Avantaj ki ofri Inifòmite ak Fleksibilite) **Kalifikasyon ak Deskripsyon** Manm ki elijib yo dwe te gen yon ospitalizasyon anpasyan oswa obsèvasyon nan 30 dènye jou yo ki gen rapò ak yon dyagnostik ensifizans kadyak, ki baze sou kritè kodaj ICD-10 etabli pa plan an. Manm yo dwe satisfè tou youn nan sa ki annapre yo: (a) ensifizans kadyak ak fraksyon ejeksyon redui (HFrEF) oswa (b) ensifizans kadyak ak omwens yon kondisyon adisyonèl (ipètansyon ak konplikasyon, nemoni ki ekskli tibèkiloz, oswa siy ak sentòm respiratwa). Kondisyon siplemantè yo dwe aktif nan menm peryòd retwoaktif la. Kote fraksyon ejeksyon pa disponib dirèkteman, kritè pwokirasyon validé klinikman yo itilize. Tout manm elijib yo resevwa menm aksè a. **Deskripsyon Avantaj** Pwogram nan bay swen kòdone atravè egzèsis sipèvize, swivi nitrisyon ak medikaman, ak evalyasyon fonksyonèl via plan swen endividyalize ki founi atravè telesante. Enkli jiska 36 sesyon pa episòd apre yon ospitalizasyon	**Nan rezo:** **$0** kopeman

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
kalifikasyon ak yon kopeman $0. Ka enkli siveyans adistans, antrenman konpòtman, edikasyon, ak vizit bay founisè. Avantaj sa a konplete, epi li pa ranplase, reyabilitasyon kadyak Medicare kouvri. **Kad ak Limitasyon** • Sèvis yo dwe medikal nesesè epi gen rapò ak kondisyon kalifikasyon an. • Yon episòd pa ospitalizasyon kalifikasyon; chak ospitalizasyon ka deklanche yon nouvo episòd si kritè yo satisfè. • Otorizasyon davans ka obligatwa ki baze sou konfirmasyon elijibilite ak nesesite medikal. • Sèvis yo dwe founi pa vandè plan an apwouve. **Detèminasyon Kouvèti ak Apèl** Demann yo trete kòm detèminasyon òganizasyon Medicare Advantage. Manm yo ka mande desizyon kouvèti epi depoze apèl.	
Swen vizyon Sèvis ki kouvri yo enkli: • Sèvis doktè ekstèn pou dyagnostik ak tretman maladi ak blesi je a, enkli tretman pou dejenerasyon makila ki lye ak laj. Original Medicare pa kouvri egzamen woutin je (refraksyon je) pou linèt/kontak • Pou moun ki gen gwo risk pou glokòm, nou kouvri yon tès depistaj pou glokòm chak ane. Moun ki gen risk elve pou glokòm enkli moun ki gen antesedan familyal glokòm, moun ki gen dyabèt, Afwoameriken ki gen 50 an oswa plis, ak Ameriken orijin Ispanik ki gen 65 an oswa plis • Pou moun ki gen dyabèt, depistaj retinopati dyabetik kouvri yon fwa chak ane • Yon pè linèt oswa lantiy kontak apre chak operasyon katarat ki enkli ensèsyon yon lantiy entrayokilè. Si ou fè 2 operasyon katarat separe, ou pa ka rezève avantaj la apre premye operasyon an epi achte 2 linèt apre dezyèm operasyon an Linèt kouvri apre operasyon katarat enkli kad estanda ak lantiy jan Medicare defini yo; nenpòt amelyorasyon pa kouvri (enkli, men pa limite a, kad deliks, tèntaj, lantiy pwogresif, oswa kouch anti-refleksyon). Anplis de sa, nou kouvri **Avantaj Vizyon Siplemantè Obligatwa** ki enkli yon egzamen vizyon woutin ak yon alokasyon pou ekipman optik. (Sèvis prevantif la) aplike sèlman pou Tès Depistaj Glokòm. Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** Sèvis Vizyon Medicare Kouvri **$0** kopeman – Biwo Espesyalis Depistaj Glokòm **$0** kopeman – Biwo Espesyalis Egzamen Je pou Dyabetik **$0** kopeman – Tout Kote Tretman Aparèy vizyon (apre chiriji katarat) **$0** kopeman – Tout Kote Tretman yo **Avantaj Vizyon Siplemantè Obligatwa** *Ou kouvri pou Avantaj Vizyon Siplemantè Obligatwa. Gade deskripsyon **Siplemantè Obligatwa Avantaj Vizyon** nan fen tablo sa a pou detay. **Tanpri sonje:** pwofesyonèl swen sante rezo pou avantaj vizyon siplemantè ou yo ka diferan de pwofesyonèl swen sante rezo pou avantaj vizyon Original Medicare ki endike anwo a.

Sèvis ki Kouvri	Sa ou peye
Vizit prevansyon Byenvini nan Medicare Plan nou an kouvri vizit prevansyon *Byenvini nan Medicare* la yon sèl fwa. Vizit la enkli yon revizyon sante ou, ansanm ak edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif ou bezwen yo (ki enkli sèten depistaj ak vaksinasyon (oswa vaksen)), ak referans pou lòt swen si sa nesesè. **Enpòtan:** Nou kouvri vizit preventif Byenvini nan Medicare sèlman nan 12 premye mwa ou genyen Medicare Part B. Lè w pran randevou ou, fè biwo doktè ou konnen ou vle pwograme vizit preventif Byenvini nan Medicare ou.	**Nan rezo:** Pa gen okenn ko-asirans, kopeman, ni franchiz pou vizit prevantif Byenvini nan Medicare la.
***Perik (ki gen rapò ak tretman chimyoterapi)** Ou kouvri pou maksimòm avantaj san limit pou chak ane kalandriye pou perik ki gen rapò ak tretman chimyoterapi. Pwofesyonèl swen sante ki te preskri chimyoterapi a dwe fè nou konnen pou nou otorize ou achte perik ou a. Yon fwa ou achte yon perik, soumèt resi ou ban nou pou ranbousman. (Gade Chapit 7, Seksyon 2 pou enstriksyon yo.) Plan nou an egzije otorizasyon davans pou sèten atik oswa sèvis. Lyen ki annapre a pral mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon davans: **Humana.com/PAL**.	**Nan rezo:** **$0** kopeman

Avantaj Dantè Siplemantè Obligatwa DENE84

Deskripsyon Kouvèti
Ou ka resevwa sèvis dantè woutin ki pa kouvri pa Medicare sa yo:

Sèvis ki kouvri pou ou

Sèvis swen dantè

Pifò sèvis dantè yo kouvri **nan rezo sèlman** ak yon kopeman **$0** jiskaske avantaj maksimòm ki pèmèt la **$4,000** rive chak ane.

- Avantaj ou a ka itilize pou pifò tretman dantè tankou:
  - Sèvis dantè preventif, tankou egzamen, netwayaj woutin, elatriye.
  - Sèvis dantè debaz, tankou plonbaj, ekstraksyon, elatriye.
  - Sèvis dantè majè, tankou detatraj peryodontal, kouwòn, ratelye, kanal radikilè, pon elatriye.
- Limit frekans ka aplike.
- Remak: Alokasyon an pa ka itilize pou fliyò, sèvis kosmetik ak enplan.
- Ou responsab pou nenpòt montan ki depase limit kouvèti dantè a.
- Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire.

Limit avantaj

- Limitasyon ak esklizyon ka aplike.
- Gen yon pwosesis egzamen pou demann ranbousman yo ki ka gen ladan yon egzamen klinik ak antesedan dantè pou apwouve kouvèti a.

- Avantaj dantè anba plan sa a ka pa kouvri tout kòd pwosedi ADA. Plan an pa p kouvri okenn sèvis yo bay ki pa nan lis sa a epi sa ap responsabilite manm lan.
- Manm nan responsab pou nenpòt montan ki depase montan maksimòm avantaj anyèl la.
- Avantaj yo ofri sou baz ane kalandriye. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire. Enfòmasyon konsènan chak plan disponib sou **Humana.com/sb**.
- Dantis ki nan rezo a te dakò pou founi sèvis ki kouvri yo nan tarif kontraktyèl (dapre barèm tarif nan rezo a, oswa INFS).
- Si yon manm vizite yon founisè dantè nan rezo patisipan, yo pa ka faktire manm nan pou frè ki depase barèm frè negoye a (men nenpòt peman ko-asirans ki aplikab ap toujou aplike).
- Avantaj Dantè Siplemantè Obligatwa yo founi atravè Rezo Medicare HumanaDental. Lokalizasyon pwofesyonèl swen sante pou rezo nasyonal nou a disponib sou **Humana.com/FindCare**.

Estime depans dantè

Si yo prevwa swen dantè ou bezwen an depase **$300**, nou sijere oumenm oswa dantis ou voye yon plan tretman dantè pou nou revize davans pou nou ka ba ou yon estimasyon pou sèvis yo. Plan pretretman an ta dwe gen ladan:

1. Yon lis sèvis ou pral resevwa, itilize tèminoloji ak kòd Asosyasyon Dantè Ameriken.
2. Deskripsyon ekri dantis ou a sou tretman ki pwopoze a.
3. Reyo X ki montre bezwen dantè ou yo.
4. Depans detaye tretman ki pwopoze a.
5. Nenpòt lòt materyèl dyagnostik nou mande.

Kijan peman yo kalkile

Pou sèvis swen dantè ki kouvri yo, nou pral peye konsa:

- Nou pral detèmine total depans kouvri yo.
- Nou pral revize depans kouvri yo pa rapò ak avantaj maksimòm otorize yo.
- Nou pral peye depans ki rete a ba ou oswa ba dantis ou, mwens nenpòt ko-asirans ou dwe (pwosedi ou te resevwa a ka mande ou peye yon pousantaj nan pri a).

Definisyon dat sèvis la

Pou rezon faktirasyon reklamasyon dantè, “Dat Sèvis” (DOS) la defini fason sa a:

- Dat dan yo prepare pou pons fiks, kouwòn, inlay oswa onlay
- Dat enpresyon an oswa eskanè nimerik la fèt pou ratelye oswa pasyèl
- Dat enpresyon an oswa eskanè nimerik abitmàn/enplan an pran pou kouwòn enplan
- Dat chanm pilp yon dan ouvri pou terapi kanal radikilè
- Dat chiriji peryodontal la fèt
- Dat sèvis la fèt pou sèvis ki pa nan lis pi wo a

Opsyon tretman

- Pou kondisyon dantè ki gen de oswa plis tretman posib, Humana pral kouvri tretman ki koute mwens, toutotan li pwouve li bay rezilta satisfezan.

- Si ou chwazi resevwa yon tretman ki koute plis, ou pral responsab pou peye diferans lan.

Avantaj Odyoloji Siplemantè Obligatwa HER100

Deskripsyon Kouvèti

Pou itilize avantaj ou, ou dwe rele NationsHearing nan 888-742-8063 pou fè yon randevou.

Deskripsyon Avantaj	Nan Rezo Ou Peye
Egzamen odyoloji woutin (1 chak ane)	**$0**
Jiska 2 aparèy pou tande sou preskripsyon chak ane (1 pou chak zòrèy chak ane). Avantaj nan rezo a limite a aparèy pou tande sou preskripsyon NationsHearing Nivo 1, ki disponib nan divès mak ak opsyon. Sèten aparèy pou tande sou preskripsyon Nivo 1 yo disponib nan opsyon estil rechajab. **Pou itilize avantaj nan rezo ou a, ou dwe rele NationsHearing nan 888-742-8063 (TTY: 711) pou pwograme yon randevou.** Acha aparèy pou tande nan rezo a gen ladan: – 1 randevou ajisteman pandan premye ane apre yon acha aparèy pou tande ak founisè orijinal la – 3 vizit swivi ak founisè pandan premye ane apre acha aparèy pou tande ak founisè orijinal la – Peryòd esè 60 jou – Garanti elarji 3 ane – 3 ane batri pou chak aparèy ki pa rechajab (jiska 60 selil pou chak zòrèy chak ane) Avantaj la pa gen ladan ni kouvri okenn nan sa ki annapre yo: – Aparèy pou tande OTC – Akseswa aparèy pou tande – Vizit founisè adisyonèl – Pil adisyonèl (oswa pil lè yon aparèy pou tande rechajab achte) – Frè ki asosye ak reklamasyon garanti pèt ak domaj Frè ki asosye ak atik ki eksklui se responsablite manm lan epi yo pa kouvri pa plan an.	**$0** pa Aparèy Nivo 1

Depans ou pou kopeman, ko-asirans, ak franchiz pou avantaj siplemantè yo pa konte pami limit maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.

Yo ofri avantaj sa yo sou yon baz ane kalandriye. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire.

Avantaj Vizyon Siplemantè Obligatwa VIS134

Deskripsyon Kouvèti
Ou ka resevwa sèvis vizyon woutin ki pa kouvri pa Medicare sa yo:

Deskripsyon Avantaj		Nan rezo: Ou Peye
• Egzamen je woutin ki gen ladan refraksyon (1 pa ane kalandriye)		**$0**
• Pakè Kad ak Lantiy Ou gen chwa youn nan sa ki anba yo: – Acha ak ajisteman linèt ak yon pè lantiy (pa ane kalandriye) – Acha lantiy kontak (pa ane kalandriye) Lantiy kontak yo pral enkli konvansyonèl oswa jete. **OSWA** – **1** pè(s) linèt seleksyon gratis pa ane kalandriye. Nenpòt amelyorasyon adisyonèl sou pè seleksyone a ap koute ou lajan.** Pwoteksyon ultravyolèt ak kouch anti-grave enkli sou tout vè linèt je gratis.		Nenpòt montan ki depase **$115**

Lokalizatè founisè pou vizyon woutin oswa vizyon Medicare kouvri disponib nan **Humana.com/FindCare**.

> Antre Kòd Postal
> Chwazi Medikal
> Chwazi Rezo Medikal Ou (Non Plan Ou a)
> Chwazi
> Chwazi Espesyalite
> Tape "Optometrist"
> Rechèch

**Konsilte yon pwofesyonèl swen sante vizyon rezo a pou plis enfòmasyon sou opsyon linèt ki pa koute anyen

